ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№230 (23.388) ● 2016 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

УФ-м и Президентым и Унафэхэр зэрагъэзащIэр къапщытэ

Социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ УФ-м и Президентым и унафэ щхьэхуэхэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ къэпщытэныжмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Советым и зэIущIэ щэкIуэгъуэм и 26-м зэхэтащ.

- Ди къэралым и Iэтащхьэм 2012 гъэм накъыгъэ мазэм ищIа унафэхэр илъэс етхуанэ хъуауэ гъэзэщIакIуэ органхэм я къалэн пэрытщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий** зэIущIэр къыщызэIуихым. - Нэхъ ипкIэ едгъэкIуакIа зэхуэсхэм хэхауэ гупытэ зыхуэтщIыпхъэхэмрэ къыкIэрыхуауэ къэтлъытэ унэтIыныгъэхэмрэ къыщыхэдгъэщауэ щытащ. Лэжьыгъэр нэхъ щIэгъэхуэбжьа хъун папщIэ муниципальнэ районхэм я Iэтащхьэхэр хэту щIыналъэ къэс зэIущIэхэр къыщызэдгъэпэщащ.

Республикэ сымаджэщхэр медицинэм и лэжьакIуэхэмкIэ зэрырикъур, абыхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр, льготэ зиIэхэр зыхуеину хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, фIагъ льагэ зиIэ медицинэ IуэхутхэбзэщIыхуэхэм, псом хуэмыдэу къуажэдэсхэм, етыныр, машинэ зэжьэхуэум, жьэн узым, пыщхьэ илыкIхэр гъэмэщIэныр ди нэIэ щIэт зэпытщ. Гулъытэ щхьэхуэ яхудощI кхъахэ хъуа унэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIыным, бынищ е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIыхуэхэм унэ тращIыхыныр ират щIы Iыхьэхэм псы, газ хуэдэхэр ешэлIэным, ипотекэ кредитыр щIыхуу щхьэхуэхэм я дежкIэ пшыныжьыгъуафIэ хъун папщIэ ар зэрат хабзэхэр тынш щIым. Егъэджэныгъэм и фIагъыр, сабийхэр зэреджэну псомкIи курыт школхэмрэ библиотекэхэмрэ къызэгъэпэщыныр япэ игъэщIыпхъэхэм ящыщщ. Лъэпкъ, дин зэныбжьэгъуагъэр егъэфIэкIуэныр япэхэми хуэдэу зытелэжьаныпхъэ унэтIыныгъэщ. ЩIыхуэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр, инвестицэхэр гъэбзагъуэныр, зи Iэпкльпэкъым ныкъусаныгъэ иIэхэр щыIэжьэфын IэнатIэ етыныр - мис а къалэн псори ди пщэ дэльщ. Ди къэралым и Iэтащхьэм накъыгъэ мазэм ищIа унафэхэр кьанэ щымыIэу гъэзэщIа зэрыхъуным псори делэжьыпхъэщ, - жиIащ КIуэкIуэм.

Путин Владимир и унафэхэр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм, абы пыщIа щыщIэныгъэхэм КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъу **Къармокъуэ Хьэчим** щытепсэльыхьащ зэIущIэм.

Социальнэ IэнатIэмэ экономикэмэ я зыужьыныгъэр зэлъыта унафэхэм къыщыгъэльэгъуащ, ипотекэ-зэхуэзыхьэс Iэмалхэр кьызэгъэпэщын хуейуэ ипотекэ кредитым щхьэщитыкIынуни проценти 8-м щIигъу хъунукъым. Къармокъуэм зэрыжиIамкIэ, ди республикэм зы банк иткъым апхуэдэ проценткIэ ахъшэ иту.

Бынищ е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм унэ щаухуэн щы Iыхьэ пщIэншэу етыным ехьапIа унафэм къыщыгъэльэгъуащ а щIым псы, газ, гъэзэгу екIуалIэу щIын хуейуэ, ауэ абыхэм трагъэкIуэдзн ахъшэ муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэкъухэм арэзы къызэрищIым тепсэльыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъуэ Расторгуевэ Светланэ къыщыпсалъэм жиIащ 2016 гъэм и япэ мазибгъум лIэхэм я бжыгъэм проценти 4,5-кIэ зэрыкIэрыхуар. Пчыр тэмэму зэрызэмыкIуэм и зэранкIэ лIэхэм я бжыгъэр проценти 10,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ иужьрей илъэсищым. Жьэн узым илыкIхэм я бжыгъэри процент 20-кIэ ягъэмэщIащ. Сабийуэ лIэхэм я бжыгъэр КИФЩI-м хьхьэ щIыналъэхэм ящыщу КъБР-м щынэхъ мащIэщ. 2014 гъэм щегъэжьауэ ди республикэм травматологие Iэхъуцlапlэу 6 щаухуащ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэ автомашинэу 62-рэ къащэхуащ.

Сечиновым и цIэр зэрихьэу Къэзан дэт медицинэ университетым цIыхуищ, Санкт-Петербург диIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ институтым цIыхуих федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкIа ахъшэкIэ щрагъэджэну мы гъэм ягъэкIуащ.

Урысей Федерацэм и Президентым ищIа унафэ щхьэхуэхэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Бэлэтокъуэ Владимир**, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Рахаев Борис**, лэжьыгъэмкIэ, цIыхуэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Щоджэнцlыкlу Алий дунейм зэрехьажрэ илъэс 75-рэ ирокъу

Псынащхьэ

Дунейм тет лъэпкъхэм ящыщ зыгуэри «лъэпкъщ» къыхужаIэу нобэ къэсыну къышIэкIынтэкъым, зи ныбэрэ зи бохьшэрэ фIэкIа нэгъуэщI къызыфIэмыIуэху защIэу цIыхуэр къызэхэнатэмэ.

ТХЬЭМ и шыкуркIэ, игъащIэми дунейм къытохъуэ, щIыр щытыхуи къытехъэнущ, я щхьэ Iуэхуэр дах къудей мыхъуу, къызыхэкIа лъэпкъым, а лъэпкъыр къызэрыхъуькIа щIыналъэм, абыхэм я закъуэ - дуней псом фIыуэ щыIэмкIэ яхуэхъуапсэ, зи гур ятеубгъуа, зи гъащIэр тыхь яхуэзыщI цIыху щэджащэхэр. Лъэпкъ нэщIысауэ къэплъытэ хъунуи къыщIэкIынукъым апхуэдэ цIыхуэхэр IуэхуэхэмкIэ дунейм, гъащIэм яхуэупсэфурэ къьемыкIуэкI лъэпкъыр.

ИтIани, апхуэдэ цIыхуэхэми яхэтыжщ, Iуащхьэмахуэ дибгхэм къаззрыхэщым ещхьу, псоми къахэлъагькI цIыху щэджащэхэр. Мис апхуэдэ лъагапIэщ Щоджэнцlыкlу Алий адыгэ литературэм и дежкIэ.

Литературэм зыгуэрхэр щызэбгъэпщэн-щызэбгъэщхыныр зыкъомкIи дэхьащIыгъуэджащ икIи нэхъыбэм деж ущызыгъаIуэущ, ауэ ар Iэмал нэхъ къагъэсэбэпхэм ящыщщи, дэри мы зэм къыпэткIухьынкъым. Араущи, зыкIи егъэлея хъуну ди гугъэкъым Урысейм я литературэм Пушкиныр зэрыхэтым хуэдэу, урыс дэтхэнэми ар къызэрыщыхъум, къызэрилъытэм ещхьу, Щоджэнцlыкlу Алий ди литературэм и нэхъ жьантIэ дыдэр хуэфащэу къызэрыпъагъэсар, дэтхэнэ адыгэми ар и Пушкину зэрыщытыр къыжьатIэмэ.

Хьэуэ, дэ псалъэшхуэ тафэтелэ зыфIэфIэхэм дыхабжэну дыхуейкъым икIи жьтIэркъым абыхэм къащIэна литературэ Iэужьхэр зэпэшачэу е зэшхуэзэесхэу. Апхуэдэу пцIым, япэраеу, жьижь унихьэсыныкъым, адрейуэ, зым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыкIи зыхуэмыныкъуэщ ар. Ахэр зэщхь икIи зэшхуэзэес зыщIыр нэгъуэщIу: къызыхэкIа лъэпкъэм я деж щалэ лъытэныгъэхэмкIэ, я гъащIэхэмрэ я гъащIэ къыдэкIахэмрэ а лъэпкъитIым я тхыдэхэм, я литературэхэм щалэ мыхьэнэхэмкIэ, щагубыд щIыпIэхэр зыхуэдизымкIэ.

Тхьэм гъунэжу адыгэхэм щыдит, ди лъэпкъым, ди лъахэм я мызакъуэу, дуней псом зи цIэр щалэтын, дэри дыззрилъапIэн усакIуэшхуэхэр, ауэ абы щыгъуэми Щоджэнцlыкlу Алий илщэкIэ къыщытхуэгъэувыIапIэу щIыкIынукъым къэбэрдей литературэм, сыту жыпIамэ лъэпкъым абы хуэмха жьантIэр гъуэрыгъуэ щэнткъым, зэIэпах-зэIэпалъхьэхэм ящыщкъым, - уэрыпIэуи куупIэуи ди литературэм иIэм, дяпэкIи (Тхьэм къабыл ищI) иIэнэхэм кьежьапIэ яхуэхъуа псынащхьэщ.

IУТIЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ. 2000 гъэ

Щоджэнцlыкlу Алий и сурэт

Пшэ чэтхъахэр сыт зезыхуэр?
Жьым ар къуршым хутемыху,
Уи уэрэду къуэм дэмыхуэр
Къытхуэнащи, тхуэмыух.

Уэ зэ уэгъуэм бийр кьибуду –
Арщ уэ гъащIэу къэбгъэщIар.
Iуащхьэмахуи кьыгъауду
Уи сурэти арщ щIащIар.

КIЫЩОКЪУЭ Алим.

Усакlуэшхуэ

Зи псалъэр шэрыуэу
Мастэнэм изыху,
Къэдалъэм пэрыуэу
Кхъуэанэм щIэзыху,
Бзаджагъэм езауэу,
И нитIыр къизыху,
ЦIыхугъэм хуэдауэу
И натIэр зыубзыху...
Нэ гуфIэу гу фIейхэм
Я ныбэр къыредз,
Псэ IэфIрэ фейцейхэм
ЛIыгъэшхуэр къаредз...
Псалъэсэр ныхисэм
КIыфIыпсэ хеуд,
Пэж лъапсэм еIусэм
ЦIыху гупсэр къольыд,
И псысэр къэтIасэм,
Умгу, уи псэр пфIеубыд,
И усэр къэпасэм,
Лъэпкъыпсэр еуэзд...
IэфIыщэу унахуэщ,
Ди дыгъэфI нэбзий,
ЛIыфI дыщэу
улъынтхуэщ,
Ди дыгъэфI мыулъий,
Бзум цIыхум урихуэщ,
УсакIуэ уэлий.
Псэм, нэхум и хъуахуэщ
Щоджэнцlыкlу Алий!

ДЫГЪУЖЬ ФуIэд.
Сирие, Дамаск.

Си адэшхуэм и фэеплъу

Дыгъуасэ къухьэу нобэ кьыкъуэкIыж
Дыгъэм и нурым ещхьу, ухэлъщ си псэм.
Зэм сфIощI игъащIэ псокIэ укъухьэж,
КъысфIощI зэм уи куэщI сису.

Ауэ сыт щыгъуи ныбдэслъагъур зыщ:
Си дуней гъащIэм схуэзIупхыу и бжэр,
ЦIыху цIыкIуу щыIэр насыпыфIэ зыщI
Усыгъэм и жэнэтым сфIощI уэ сипшэу.

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи, Зэман,
Щыхъумэт си пкъым си адэшхуэм и псэр.
Абы насыпу сэ къысхуигъэнар
ЦIыхубэм естыжьыным сыщIохъуэпсыр.

Сабий пфIэщIыну, абы мы дунейм
Къыщыхъу гуфIэгъуэ псори фIэтелъыджэт,
Арщ къысщыхуауэ, гъащIэ, сэ уи ней,
ПэIэщIэ сыпщIмэ а хьэл-щэн гъуэзэджэм.

СыпкIэлъыпIащIэ пэтми, сыпщIэмыхьэу
Уи ужь ситщ икIи нэгъуэщI сыхуэмейт,
Къесхьэлэфарэ уи гъэгуанэ Iыхьэр
Си насып вагъэр хьутэм ещхьэ ууейм.

ХЬЭКIУАЩЭ Мадинэ.

КIуэкIуэ Юрий къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэмрэ ирегъэблагъэ

КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ КъБР-м и цIыхубэ художник КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ, искусствовед Дианэ Мосс Жаклинрэ.

КIЫЩ Мухьэдин республикэм и Iэтащхьэм хуиIэтащ езыр творческэ щIалэгъуалэм зэрадэлажьэр. Художникым дерсхэр щитащ Къулькъужьын Ищхъэрэ къуажэм, Бахъсэн къалэм дэт школхэм, «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академием. А Iуэхущlапlэм абы езым и сурэтхэм ящыщ зы тыгъэ хуищIащ.

- Уэ уи творчествэр, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм, - цIыхухэм хуабжу яфIэгъэщIэгъэнщ, абы кьыхэкIыу аэрэ республикэм и музейхэм нэхъыбэрэ щыгъэлъэгъуапхъэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

КIуэкIуэ Юрий цIыхухэр псэупIэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныжмкIэ къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъум теухуа зэIущIэ ирегъэкIуэкI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю.А. иригъэкIуэкIащ цIыхухэр псэупIэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныжмкIэ къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъум теухуа зэIущIэ. Абы къыгъэуващ дэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым зэрыкIэлъыплъыр ягъэткIиину.

МЫ ПРОГРАММЭМ муниципальнэ щIыналъэу пщыкIуэ зэрыхэтыр КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТI. къыгъэлъэгъуащ. Нобэм ирихьэлIэу псэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ 24200-рэ хьэзыр ящIащ, цIыху 1421-рэ ягъэIэпхъуащ. ДызыкуэкIуэ гъэм и кIэухым псори зэхэту метр зэбгъуэзнатIэ мин 15-м щIигъу, абы щыщу дыззрыт илъэсыр иухыку метр зэбгъуэзнатIэ 9800-рэ яухуэн хуейщ. ЗэIущIэм хэхауэ щыжаIащ программэм и кIэух Iыхьэр ягъэува пIалъэхэм кьрибыдэу ямыгъэзащIэу зэрымыхъунур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.



♦**Палестинэ лъэпкъыр дэIыгъыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Албаниер нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжа (1944 гъэм) махуэщ**

♦**1899 гъэм** Испанием «Барселона» футбол клубыр къыщызэрагъэпэщащ. Иджыпсту дунейм и топджэгу гуп нэхъ лъэщхэм ящыщщ ар.

♦**1917 гъэм** Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр кьыдагъэкIащ.

♦**1920 гъэм** Армян ССР-р кьыззрагъэпэщащ.

♦**1924 гъэм** Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэ щхьэхуэхэм я къыщыIэщIагъэкIыжа (1944 гъэм) махуэщ

♦**1932 гъэм** Франджымрэ СССР-мрэ Iэ традзащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1941 гъэм** Петрищевэ къуажэм (Москва область) нэмыцэ фашистхэм партизанкэ Космодемьянская Зое (Таня) щхьэпылъэ щащIащ. Партизан гупым и хэщIапIэр кърагъэIуэзэну хъыджэбз цIыкIум сыт хуэдиз бэлъыхь фашистхэм трамыгъэлъэми, ар къахуэдзыхакъым. КъигъэлъэгъуэгъуэкIа хахуагъэм папщIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм мазаем и 16-м унафэ къищтащ Космодемьянскэм зэрымыпсэужу «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр фIэщыным теухуауэ.

♦**1945 гъэм** Югославие Федеративнэ ЦIыхубэ Республикэ къызэрыунэхуам теухуа унафэ къащтащ. Абы и унафэщIу ягъэуват Иосип Броз Титэ.

♦Политик, Франджым и президенту (1995 - 2007 гъэхэм) щыта **Ширак Жак** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр тIэунэйрэ зыхуэгъэпсыр Лъэпкъым я къэрал театрым и художественнэ унафэщI **Миронов Евгений** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр мазаем градуси 6 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ.

● КъБР-м и Парламентым

Мылъкуу диІэнумрэ узыншагъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм зэрызрагъэужьынумрэ

КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2017 гъэм, 2018 - 2019 гъэхэм ятещ1ыхьауэ», «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щ1ыналъэ фондым и бюджетыр 2017 гъэм, 2018 - 2019 гъэхэм ятещ1ыхьауэ» хабзэхэм я проектхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, Правительствэм я лы-кІуэхэр, депутатхэр, жылагъуэ зэгухьэны-гъэхэм, республикэм и сымаджэщхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр кІыщІэзІуихым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** тепсэлъыхьащ къэралым и экономикэ щ1ы-тыкІэм щ1ыналъэхэм я бюджетри ирагъэкІун хуей зэрызхъум.

- УФ-м и Президент Путин Владимир жэпуэгъуэм и 28-м Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хуиГэхьащ Къэрал бюджетым и проектыр. Ар илъэсиш пІалъэм тету удзыхуащ. Къэралым и экономикэр щ1ыдагъэу тщэм епхауэ щ1ыт зэрымых-хунум, бгъэдыхьэкІэщІэхэр кІыхьэры-гъуэтыпхъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ды-топсэлъыхь. Мы зэманым мыхьэнэшхуэ иГыуэтащ щ1ыналъэм езым и мэкъумэш ІэнатІэмрэ промышленностымрэ къарит-тымкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм къитшхэр зэтх-хъуэкІыным. Ар къыдэхъулІэжащ, щ1ыда-гъэм и уасэр зэрехуэхар апхуэдэ дыдэуи зыхэтщІэнукъым, - жиІащ Егоровэм.

Абы къыхигъэщащ къэралым и экономикэм зэрызиужьынур хъэрычэт Іуэху мыин, курытхэм яГуэтыну гулъытэм зэрелъытар. Абы жиІащ къэрал нэхъ зызыужьахэм псори зэхэту къыщалэжьым и процент 70-м зэрынагъэсар, ди деж ар процент 20-м зэрыщыфІэмыкІар. «Абы къикІращи, хъэрычэтыщІэхэм зэрызащІэдгъакъуэм елъытащ Урысейм и экономикэр зыхуэдэ-нури», - дыщІигъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым, икІи кІыхьигъащ жэпуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Парламентым кІыщта Хабзэм тету, 2017 гъэм щ-гъжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъэ-рычэтыщІэхэм налог зытемыхьэ Іуэху 36-рэ кІыхьзрызэрагъэпэщыфынур. Ар сэбэп яхуэхъунущ зи Іуэху кІыхьзІуэыха-гъащІэхэмрэ апхуэдэ мурад зиІэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2017 - 2019 гъэхэм зыхуэдэнум тепсэ-лъыхьащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхь Заур**. Абы къыхигъэщащ 2017 гъэм республикэм кредитхэмкІэ тель щІыхэм процент 37-м щІигъэгъу зэрымыхъунур, кІыкІэлъыкІуэ илъэситІым - процент 43-м, 48-хэм. Дызытехьэ илъэсым республикэм и мылъкум и хэхъуэр зэхэту сом мелард 26-рэ мелуан 202-м щІигъунущ, кІы-гъэсэбэпынУ зыхуеинур сом мелард 26-рэ мелуан 736-рэ мин 479-рэ мэхъу. Мини-стрым къызэрыхигъэщамкІэ, республикэр сом мелуан 534-рэ мин 447,1-м щ1ыщІэ-нущ.

Лыхь Заур жиІащ налог хабзэм зэхъуэ-кІыныгъэхэр зэригъэтамрэ фадэ кІы-щІэгъэкІынымкІэ къэралым кІарит ак-цизхэм кІэпэкІуэн хуеямрэ кІэпІыпытэмэ, 2017 гъэм республикэм кІилэжьыфынУ псом елъытауэ хэхъуэр процентш 10,1-рэ зэрыхъунур.

2017 гъэм федеральнэ ахъшэу республикэ бюджетым сом меларди 10-рэ мелуан 550,3-рэ кІыІэрыхьэнэщ. АртрагъэкІуэ-дэнущ егъэджэнЫгъэм, узыншагъэр хъумэным, унагъуэ, цІыху хэмыщІахэм ядэІэпыкъуным, щэнхабзэм, спортым, мэкъумэшым. Республикэм и ахъши хэлъу, социальнэ Іуэхуэгэ ириздэІахьиу сом мелард 17-рэ мелуан 870-рэ ягъэбелджылащ, ар ахъшэу кІагъэсэбэпыным и процент 66,8-рэ мэхъу.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** щІэупщІащ сабий зеиншэхэм унэ, фэтэр кІахуэщ1ахуныр зэрызэфІагъэкІыну щ1ыкІэм. Министрым жиІащ чэзум хэт псори псэупІэкІэ кІыызэ-гъэпэщ1ным сом зы меларди 300-рэ зэрытекІуэдэнур, мы зэманым апхуэдэ мылъку республикэм зэримыІэр. ХэкІыпІэу Лыхьым кІигъэлъэгъуащ а Іуэ-хум федеральнэ мылъку кІыхьегъэлъхьэн е пІалъэ кІыхьым тещІыхьа зэгурыІуэны-гъэкІэ езым я ахъшэкІэ унэхэр зыухуэну инвесторхэр къэгъэутын хуейуэ зэрыларар.

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Афэщ1агьуэ Михаил** кІыхьигъэ-щащ 2018 гъэм инфляцэр проценти 7,5-рэ, 2019 гъэм - 5,4-рэ хъуну зэрыхуагъэфащэр. «Шэч хэмылъу, щ1ынальэм и экономикэмкІэ ар фІыт, ауэ цІыкІухэм я хэхъуэм щ1ыхэщІ зэманым, республикэм и экономикэм зи-ужьыным ахэр хэущ1ьэпэфыну кІыщІэ-кІынУкъым», - жиІащ абы. Абы кІыхьигъэ-щащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал щІыхуэр УФ-м Бюджетымкіэ и Хабзэм кІыщІигъэлъэгъуам фІэмыкІми, ар куэ-дыІуэу кІыззрилъытэр.

КъБР-м экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ** кІыыззрихигъэщамкІэ, хуежьІуну зэманым щ1ынальэм и валовэ продуктыр проценти 101-кІэ гъэззщІа хъуну хуагъэфащэ - сом меларди 143-м нэсынущ. 2017 - 2019 гъэхэм промышленностым кІыщІигъэкІыр проценти 126-рэ, мэкъумэшым - проценти 110-рэ, уху9ныгъэ лэжьыгъэхэм - проценти 122,7-рэ, сатум - процент 11,4-рэ, пщІэ зыщІат Іуэхутхьбзэхэм - проценти 9 хъу-нущ. Апхуэдэуи зытепсэлъыхь пІалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр инвестицэ лэ-жьыгъэхэр гъэззщІэным иужь итынущ, хъэрычэт мыин, курытхэм зегъэужьы-нымкІэ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр щІына-льэм кІыззэригъэпэщынущ. ЦІыхухэм я улахуэр зыхуэдэнум щ1ытепсэлъыхьым, Белецкая Ольгэ кІыхигъэщащ бюджет Іуэхущ1апІэ Іут лэжьакІуэ щхьэхуэхэм кІа-хьым хухагъэхъуэнымкІэ кІалэн зыбжанэ зэфІагъэкІыну зэрамурадыр, ауэ зэ-хьуэкІынигъэшхуэ зэрыщ1ымыІэнур.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щ1ынальэ фондым и бюджетым теуха проектым тепсэлъыхьащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Мишковэ Ириндэ**. Абы зэрыжиІамкІэ, фондым и бюджетыр 2017 гъэм сом меларди 7-рэ зы мелуанрэ мин 602,3-рэ, 2018 гъэм сом меларди 7-рэ мелуан 278-рэ мин 905,9-рэ, 2019 гъэм сом меларди 7-рэ мелуан 500-рэ мин 71,6-рэ хъунущ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр **Расторгуевэ Светланэ** тепсэлъыхьащ «КъБР-м узыншагъэр хъумэным 2020 гъэ пщІондэ зэрызыщІрагъэужьыну щ1ыкІэр» къэрал программэр гъэззщІа зэрыхъум, Налшык къалэ щ1ауэ перинатальнэ, гинекологие центрхэм я проектым, Бахьсэн кІыщІэзІуахыну диализ Іуэху-щІапІэм, нэгъуэщІхэми. Абы жиІащ узын-шагъэр хъумэным теухуауэ щ1ынальэм иужьрей илъэсхэм щрагъэкІуэкІ лэжьы-гъэм фІы кІыызрипэкІуэр. Министрым кІыхьигъэщащ щІыхуэхэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэм зэрыяхэхуар, узыфэ Іейхэм илыкІхэм зэрыхэщІар, республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм зэрызаужьыр. Расторгуевэ Светланэ къапэщ1ыльэ къалэн нэ-хъыщхьэхэм ящ1ыщ кІигъэлъэгъуащ анэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэныр кІыззэзы-гъэпэщ1 ІэнатІэр егъэфІэкІуэн, узыншагъэр хъумэныкІэ Іуэхущ1апІэхэр зыхуэныкІуэ-хэмкІэ кІыззэгъэпэщ1ын зэрыхуейр.

ЗэІущІэм кІыщІепсэлъащ КъБР-м Къэ-зыІэтэ кІэзызыбж и палатэм и унафэщІ **КІаСэ Динэ**, Къалэ поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Кьаскъун Іэулият**, онкологие сымаджэщым и дохутыр нэ-хьыкІэм и къуэдзэ **Хьэхъупащ1э Аслъэн** сымэ. Кьаскъун Іэулият КъБР-м и депутатхэм елъэІуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэ-сым и Къэрал Думэр хэпльэн хуейуэ щІэлъ федеральнэ законыр нэхъ псынщІэу кІа-щтэным ахэр хэлІыфІыхьыну. А Хабзэр кІащтамэ, сымаджэхэр щагъэхъуж Іуэху-щІапІэхэр хуит ящІынут сом мелуани 2-м кІыщІэкІ медицинэ Іэмэпсымэхэр кІа-щэхуну.

Егоровэ Татьянэ жиІащ зэІуцІэм кІыщІэта Іуэху псоми гулъытэ зэрыхуащІы-нур, зэрыхъукІэ кІыщІэкІэр зэраубыху-нур, ахэр зэрагъэзащІэм КъБР-м и Парламентыр зэрыкІэлъыплъынур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Мэшбащ1э Исхьэкъ и илъэс

Фэеплъыр къызэІуах.

Мэшбащ1э Исхьэкъ, Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий, Кондратьев Вениамин.

Адыгэ лъэпкъым пщІэшхуэ къызэрыхущІым и дамыгъэ

**УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм зэт, СНГ-м хыхьэ къэралхэм я ТхакІуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и Гъэззщ1акІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и лЫкІуэу Ипщэ федеральнэ щІынальэм щІыІэм егъэщІылІауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Абхъаз Академием я академик, Кубаным гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цІэкІэ щІыІэ литературэ саугъэтхэм я лауреат, «Хэкум и пащхьэ щІиІэ фІыщІэм папщІэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгеим и Щ1ыхь» медалыр, Абхъаз Республикэм «ПщІэмрэ Щ1ыхьымрэ» и орденыр, «Кубаным и зыужьынигъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» медалым и яп нагъыщэр зыхуагъэфэща Мэшбащ1э Исхьэкъ къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 85-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу езыр къыщалъхуа Краснодар крайм хыхьэ Успен районым и Щ1хьэщэхуэ (Урупский) жылэм фэеплъ щ1ыхуагъэуващ. А Іуэхум хэтащ Краснодар, Адыгей щ1ыналъэхэм я унафэщІхэр, депутатхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, тхакІуэм и ныбжьэгъуэхэр, благъэхэр, Іыхьлыхэр, къуажэдэсхэр.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Щэнхабзэмкіэ и унэм концерт дахэ щекІуэкІащ а махуэм. «Кубанская казачья вольница», «Чаровница», «Ивушка» ансамблхэмрэ уэрэдэхэмрэ къафэмкІэ Адыгейм и «Ислъэмей» ансамблымрэ хэтащ абы. Урыс ансамблхэми «Ислъэмейми» Мэшбащ1эм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдэхэр ягъэзащІащ.

Концертыр зэфІэкІа нэужь, Щэнхабзэмкіэ унэм и пщІанТІэм щагъэуващ фэеплъыр къызэІуахащ Краснодар крайм и губернатор Кондратьев Вениаминрэ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрийрэ.

Кондратьевым къызэхуэсахэм защ1ыхуигъаззм жиІащ иджыри псэууэ фэеплъ зыхуагъэуэ щІыхуэхэр къызэрымыкІуэу насыпы-фІэу къызэрилъытэр, ар абы пщІэшхуэ къызэрыхущІым и щІыхьэтщІ.

- Пэжым фыхуеймэ, нобэ насыпыфІэу зыкъэ-зылъытэжьын хуейр дэращ, Псыжь и цІыхухэрщ, Адыгейм, адрей кавказ хэгъуэгъуэм щІыпсэухэрщ. Сыт щхьэкІэжьпІэмэ, дэ диІэш усакІуэ цІэрыІуэ, тхакІуэ щ1ыджащэ, зи хэкум хуэпэж хэкуІ нэс Мэшбащ1э Исхьэкъ, - къыхигъэщащ губернаторым. - Абы и Іэдакъэщ1экІэр дэ псори дыдэрыгушхуэ хъугъуэ-фІыгъуэщ. Абыхэм Мэшбащ1эм къыщеІуатэ ди лъэпкъхэм нэхъыщхьэу къалъытэхэр - мамырыгъэр, зэныбжьэгъугъэр, зэгурыІуэныгъэр, лъагъуныгъэр, ди зэхуаку дэлъ пщІэр. Дэ зэгъусэу мэкъумэш ІэнатІэм зыдогъэужь, экономикэр идогъэфІакІуэ. Ди щІэблэр зы еджапІэ зэдыщІэсщ. Псори дызэгъусэу ди пщэдейр доухуэ, ди хэку цІыкІур нэхъыфІ зэрыхъуным дыхуолажьэ.

Краснодар крайм и унафэщІым кІыхьигъэщащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ щІыналъэхэр зэдэлэжьэныкъэ ехьэлІауэ адыгэ тхакІуэм хуэзфІэкІым и инагъыр пщалъэ гуэркІи къызэрыпхуэмылъытэнур.

- Уэ уи тхыгъэхэмкІэ, Урысейм хуитІэ лъагъуныгъэмкІэ, уи лъэпкъым и тхыдэр къызэрыплъытэмкІэ быдэу зэпыпщІэн плъэкІащ иджырей щІэблэмрэ къэ-кІуэнумрэ. ИкІи си фІэщ мэхъу, мы бюстыр зэрыпхуэдгъэувам нэхърэ, ди зэхуэдэ унэм - Кубаным, Адыгейм, Урысейм - илъ мамырыгъэм уэзрыщІыгуфІыкІыр, адэкІи апхуэдэу щІытыну уэзрыщІэхъуэпсыр, - зыхуигъэзащ Кондратьевым тхакІуэм.

Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий** къыхигъэщащ Мэшбащ1эр щІыху къызэрымыкІуэу зэрыщІытыр.

- Ар Краснодар крайм къыщалъхуащ, Адыгейм щопсэу, Урысей псом къыщащІыхьу. Уеблэмэ абы и тхыгъэхэр дуней псом щадж, бзэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ зэрадзэкІауэ. Мэшбащ1эр фІыуэ къалъагъу хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъуэхэм, - жиІащ ТхьэкІушынэм.

Абы фІыщІэ яхуиІащ Краснодар крайм и унафэщІхэм, апхуэдэ жэрдэм ящІу, я хэкум къыщалъхуа адыгэ тхакІуэм фэеплъ зэрыхуагъэувам папщІэ.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и Іэдакъэ тхылъи 100-м нэблагъэ къыщІэкІащ, абы и тхыгъэхэр Адыгейм и курыт школхэм щадж. И тхылъхэр щІэлъщ Кубань щІыналъэм и библиотекхэхэми. Краснодар крайм и Хабзэубзыху Зэхуэсым и унафэщІ **Бекетов Владимир** къыхигъэщащ Исхьэкъ и тхылъхэм къыдэкІуэтей щІэблэр щІэпІыкІын зэрыхуейр, ар гъуэгугъэпльагъуэ нэс зэрахуэхьунур, хэкупсэу къэхъунымкІэ зэрысэбэпышхуэр.

- Си щхьэкІэ Іущыгъэ куэд къыхэсхащ Мэшбащ1эм и тхыгъэхэм, - жиІащ Бекетовым. - Лъэпкъ псоми зэхуэдэу уахущытыныр, мамырыгъэм и телъхьэу упсэуныр - араща абы щ1эхуигъасэр. ИкІи къызолъытэ ди щІэблэр абы щІэтпІыкІмэ, дыщ1мыуэну. Сыт хуэдизу гъащІэр гугъуу щ1ымытами, сыт хуэдиз хьэзаб бгырысхэм ямышэчами, зэгурыІуэу зэдэпсэуащ, зы щІакхъуэ Іыхьэ зэдагъэшу. Мис ар Іупщ1у кІыхьощ1ыж Исхьэкъ и тхыгъэхэм.

ЗэІущІэм кІыщІепсэлъащ Успен район администрацэм и унафэщІ **Бахилин Геннадий**, Щхьэщэхуж жылэм и Іимам **Хьэджэл Къасболэт**, Мэшбащ1эм и ныбжьэгъу, нэхъыжьыфІ, Къэрэшей-Шэрджэсым къикІа **Арэшыкъуэ Къанщауэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ИужькІэ псалъэ зрата езы тхакІуэм жиІащ фэеплъ хуагъэувыну кІыщІащ1ам машІэу Іэнкун хуауэ щ1ытами, а махуэм гукъыдэж зэригъуэтыжар.

- Сэ гъуэгуанэ кІыхь къэскІуащ, мы жылэ цІыкІуми куэд щ1ызгъэу-нэхуащ, щ1ызгъэващ. Си яп уэср 1945 гъэм стхауэ зэрыщ1ытар, абы япэу си анэм сыкъыхуеджэу фІэсщ1ыну цІэр къызэрызжи-Іар, нэгъуэщІхэри фІыуэ сощІэж. Дэнэ сыщ1ымы-ми, си хэку цІыкІур зэи сщ1ыгъупщакъым. Си гъащІэми щ1ынэхъыщхьэ гъугъуэ щ1ымытами, сыт хуэдизу гъащІэр гугъуу щ1ымытами, сыт хуэдиз хьэзаб бгырысхэм ямышэчами, зэгурыІуэу зэдэпсэуащ, зы щІакхъуэ Іыхьэ зэдагъэшу. Мис ар Іупщ1у кІыхьощ1ыж Исхьэкъ и тхыгъэхэм.

ЗэІущІэм кІыщІепсэлъащ Успен район администрацэм и унафэщІ **Бахилин Геннадий**, Щхьэщэхуж жылэм и Іимам **Хьэджэл Къасболэт**, Мэшбащ1эм и ныбжьэгъу, нэхъыжьыфІ, Къэрэшей-Шэрджэсым къикІа **Арэшыкъуэ Къанщауэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ИужькІэ псалъэ зрата езы тхакІуэм жиІащ фэеплъ хуагъэувыну кІыщІащ1ам машІэу Іэнкун хуауэ щ1ытами, а махуэм гукъыдэж зэригъуэтыжар.

- Сэ гъуэгуанэ кІыхь къэскІуащ, мы жылэ цІыкІуми куэд щ1ызгъэу-нэхуащ, щ1ызгъэващ. Си яп уэср 1945 гъэм стхауэ зэрыщ1ытар, абы япэу си анэм сыкъыхуеджэу фІэсщ1ыну цІэр къызэрызжи-Іар, нэгъуэщІхэри фІыуэ сощІэж. Дэнэ сыщ1ымы-ми, си хэку цІыкІур зэи сщ1ыгъупщакъым. Си гъащІэми щ1ынэхъыщхьэ гъугъуэ щ1ымытами, сыт хуэдизу гъащІэр гугъуу щ1ымытами, сыт хуэдиз хьэзаб бгырысхэм ямышэчами, зэгурыІуэу зэдэпсэуащ, зы щІакхъуэ Іыхьэ зэдагъэшу. Мис ар Іупщ1у кІыхьощ1ыж Исхьэкъ и тхыгъэхэм.

Мэшбащ1э Исхьэкъ хуагъэува домбеякъ бюстыр зи Іэдакъэ къыщІэкІар скульптор Корнаев Аланщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Хабзэр щапхъэ мэхъу

2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м уголовнэ-гъэззщІакІуэ ІэнатІэм и ветеранхэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэр къызэрагъэпэщащ. Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ, 2013 гъэм а махуэр ягъэувауэ, илъэс къэс ягъэлъапІэ.

УРЫСЕЙМ и ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щекІуэкІащ абы и лэжьакІуэ ныбжьы-щІэхэмрэ республикэм и уголовнэ-гъэззщІакІуэ ІэнатІэм и ветеран-хэмрэ я зэІущІэ.

ІуэхущІапІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Мэр-жэхъу Мухьэмэд гуфІэгъуэ зэ-хьыхьэр къызэІуихри, зэхуэсахэм ехъуэхъуащ. Куэд зыльэгъуа, гъащІэм и пІалъэ зыщІэ нэхъыжьхэм абы и псалъэр даІыгъащ. Ветеранхэм я советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Кучменов Мухьтар я Іэщ1а-гъэм нэхъ гугъуу хэлъми сэбэпу пылъми тепсэлъыхьащ, я кІулы-къум пэрыхьа щІалэхэм ехьулІэны-гъэ яІэну ехьуэхъуащ, сыт хуэдэ щ1ытыкІэ имыхуэми, офицерым и пщІэмрэ и щІыхьымрэ ихьумэжыну зэрикъалэныр къыхигъэщащ.

Алтуев Мухьтаррэ Шэджэм Залымджэрийрэ я кІулыкъум щ1ы-пэрыта зэманыр ягу къагъэкІы-жащ, дэтхэнэ лэжьакІуэри фІэ-кІыпІэншэу зытетын хуей хабзэхэм къытеувыІащ. Абыхэм къызэра-гъэлъэгъуамкІэ, ветеран зэщІэхъе-еныгъэр илъэс куэдкІэ ирахьэкІа кІулыкъум пызыщІэ Іуэхугъуэщ. Псалъэмакъ щхьэпэм зэрыхуэ-хьэзырым и щІыхьэтэ, я кІулыкъум пыщІа сыт хуэдэ упщІэкІи зыхуа-гъаззмэ, я чэнджэщхэм щІэдэІумэ зэрагуапэр къыхагъэщащ.

Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ Іэнатіэм и щІыналъэ къудамэм мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр хабзэфІу къыдокІуэкІ. Зэманым Іэщ1агъэр зэІэпех, нэхъыжьхэм я гъуэгум нэхъыщІахэр ирокІуэ, абы-кэм я щапхъэр гъуазэ яхуохъу. Псори зыхуэгъэзар зы мурадщ - Іэнатіэмрэ Іуэху зехьэкІэмрэ егъэфІэкІуэнырщ.

Урысейм и ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Я нэІэ щІэту ирагъэкъутэж

● Налшык

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къудамэр ткІийуэ ябгъэдохьэ хуимыту уэзыныгъэ езыгъэкІуэкІэхэм.

КъАПЩТЭМЭ, судым и унафэкІэ, къудамэм и Іэщ1а-гъэлІэкъмрэ суд приставхэм я Іуэхущ1апІэмрэ я нэІэ щІэту, Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 30А, фэтэр куэд хъу унэ гуащІыхьа псэуа-лъэр тхьэмахуэ кІуам Іура-гъэхьажащ.

- А объектыр яухуэну кІуала администрацэм хуит ищІа-тэкъым. Абы къыхэкІыу, щхьэзыфІэфІу ящІа псэуа-лъэр Іуедгъэхьажын папщІэ, иск тхылъ судым етташ,- къигъэлъэгъуащ муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Апажэ ТІэхьир.

Налшык къалэм и администрацэм цІыхуэр къыхуреджэ апхуэдэ уэзыныгъэхэм я мылъкур хамыгъэкІуэдэну.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

ИЛЮШИНЭ Миланэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент, Санкт-Петербург

Бэркъукъу и зэманым мамлюк сулътIанхэм тепщэгъуэр зэпаубыдауэ зэрыщытар

Бурджийхэм я тепщэгъуэр (1382 - 1389) Мысырым щыIа мамлюк сулътIан къэралыгъуэ щхьэхуитым и кIэухщ. А зэманым къэралыгъуэ Iуэху зезыхьа лIыщхьэхэм я нэхъыбэр Кавказым щыщхэт, псом хуэмыдэу шэрджэсхэм къахэкIахэр куэдт. Бурджийхэм, е шэрджэсхэм, я тетыгъуэм и лъабжьэр сулътIан Бэркъукъу (1382 - 1399) игъэтIылъауэ хуагъэфащэ икIи ар пэжщ. Ар зауэлI IэщIагъэм илъэс тIощI ныбжьым щегъэжьауэ хэпщIащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Гъэру яубыда Бэркъукъу-ныбжьыщIэр (хым тет хъунщIакIуэхэм яIэрыхьагъэнри хэлъщ) 1362 - 1363 гъэхэм мамлюк жылагъуэм пщылI щыщэн-щыщэхун IуэхукIэ цIэрыIуэ Усман бин Мусафир Iэрыхьа нэужь, щIалэр Каир щыщ атэбек Йэлбугэ Iэл-Умари Iэл-Хассаки Iэн-Насири ирищауэ щытащ. Зыщэхуа и тепщэщIэр сулътIан тетыгъуэм пщIэ нэхъ щызиIэхэм ящыщу къызэрыщIэкIам уеплъмэ, Бэркъукъу и кIэныр къикIауэ жыпIэ хъунущ.



Мысырымрэ Сириемрэ я сулътIан Бэркъукъу Зэхьир.

Бэркъукъу и еджапIэр. *Каир къалэ*

Е улIэн, е ... усулътIанын

Ар езым и ныбжь ит щIалэхэм къаруушхуэкIэ, бэшэчагъ къызэрымыкIуэкIэ, куэд игу зэрыриубыдэфымкIэ къахэщырт. Бэркъукъу нэгъэсыпауэ шу бэлыхьт икIи Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ IэкIуэлъакIуэу зэуэфырт. ФIыуэ зэреджэм абы къулыкъушхуэ къыпэплъэу къыпфIигъэщIырт, ауэ къэхъуар зыми и нэгум къыщIэмыхьа гуэрщ: 1366 - 1367 гъэхэм Йэлбугэ яукIри гурыщхъуэ зыхуащI абы и мамлюкхэр - Бэркъукъуи яхэту - хьэпсым ирадзащ. КъаутIыпщыжа нэужь, Бэркъукъу илъэс зыбжанэкIэ Щамым и тепщэ, эмир Мэнджакъ Iэл-Йусуфи деж къулыкъу щрихьэкIащ, иужькIэ Iэл-Мэлик Iэл-Iэшраф Шэхьбан и унафэкIэ (1364 - 1376) и къулыкъущIэгъухэр и гъусэу Каир къагъэкIуэжри, сулътIаным и къуэхэм ябгъэдэт зауэлI гупым хагъэхьащ.

Бэркъукъу сулътIан Iэл-Iэшраф Шэхьбан зыукIа гупым яхэтащ. ЗыкъэзыIэта мамлюкхэм я пашэ Айнэбэч, ар къызэрыкIуэ зауэлIхэм къахишри макъамауэ гуп зыдэщIыгъу эмир ищIат. (Оркестр зиIэ эмирыр къыщыдэкIкIэ бэрэбанэхэмрэ макъамэ IэмэпсымэхэмрэкIэ я макъ зэхэпхырт, апхуэдэ дзэзешэм и унафэм зауэлI 40-м щегъэжьауэ 80-м нэс щIэтт).

ЕтIуанэу, иджы Айнэбэч пэщIэту зыкъэзыIэтахэм яхэпщIа нэужь, Бэркъукъу миным я пашэ мэхъури, езым и унафэ мамлюкищэ къыщIоувэ. Зэман докIри, ар сулътIаныр зыхъумэ шуудзэ хэплъыхьам и пашэ мэхъу. Илъэс нэужьым Бэркъукъурэ абы зауэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэм къыдыщIэса Бэракэрэ къэралым щызекIуэ унафэ псори я IэмыщIэ къохуэ, апщIондэху Iэл-Iэшраф сулътIаным и къуэ ныбжьыщIэр сулътIан хуэдэу утыку иту.

Бэркъукъу лъэкI къимыгъанэу и пщIэр сэрейм щиIэтын щIидзат (тхакIуэхэм язым зэрыжиIэмкIэ, абы Iэл-Iэшраф сулътIаным и щхьэгъусэ фызабэр къишат). Абы и къуэш пэлъытэ Бэракэ и зэманыр щэкIуэнымрэ зэштегъэунымрэ тригъэкIуэдэху, Бэркъукъу нэгузыужьым пэIэщIэу зыкъигъэлъагъуэрт. Зэдамэгъуу щытаитIым я зэхущытыкIэр пхъашэ хъун щIедзэ хуэмурэ. 1380 гъэм Бэркъукъу унафэр зэрызыIэщилъхьэнум иужь ихьащ. Абы Бэракэ хьэпсым ирыригъадзэри иригъэукIащ, захуагъэм къыщхьэщыж зищIри, я пашэм илъ ящIэжыным тезыгъэчыныхь абы и мамлюкхэм я нэхъыбэм ардыдэр ярищIащ.

1382 гъэм Iэл-Мэлик Мансур (1376 - 1382) и пIэ къиува Iэл-Iэшраф сулътIаным и къуэ етIуанэ Хьэжы трагъэкI, сулътIаным и къалэныр Бэркъукъу и пщэ делъхьэж. Абы сулътIаныр тахътэм зэрыбгъэдэувэ тхьэрыIуэ хабзэхэу езым ипэ итахэм ягъэкIуэдыжахэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хилъхьэри къигъэщIэрэщIэжащ. Япэм сулътIанымрэ хъалифымрэ щхьэж ихьыну къалэным теухуауэ зэгурыIуэу щытамэ, иджы хъалифым Бэркъукъу сулътIану щытыну зэрыхуитыр къабыл ищIмэ зэфIэкIат. Хьэрып тхыдэ тхылъхэм къыщокIуэ ар къызэрыхъуа щIыкIэр:

«1382 гъэм, бэрэжьейм, щэкIуэгъуэм и 26-м уэшхышхуэ къешхащ. Шэджагъуэ нэмэзым иужькIэ муслъымэнхэм я пашэ Мутэуэккил Аляллахь, хеящIиплIымрэ ислъам щихъ Сираджуддин Iэл-Балкинирэ щыту, сулътIаныщIэ Бэркъукъу тхьэ хуиIуащ. А Iуэхушхуэр зэфIэкIа нэужь, Iэл-Балкини сулътIаныщIэм «Iэл-Мэлик Iэз-Захир» цIэр фIищащ. Бэркъукъу пащтыхь дамыгъэхэу щIыIутелъ фIыцIэ хэдыкIар, щхьэешыхьэкI фIыцIэр, сампIэм илъ къумырыс маисэр пщIэхэлъу быдапIэм къыщIэкIри Куэбжэшхуэмкlэ дэкIащ. Эмирхэр ипэ иту кIуэхэрт, Iэл-Мэккар Сэйфи Айтамыщ Iэл-Бэджаси, сулътIаным и щхьэм дыщэкIэ хэдыкIа дыжьыныфэ тепхъуэмрэ дыщэкIэ гъэщIэрэщIа дыжьын бзумрэ (сулътIаным и щхьэм тепхъуэ щыIыгъыныр бегъымбар лъапIэм ипхъу ФатIимэ и щIэблэхэр Мысырым тепщэу зэрыщыIэ лъандэрэ къекIуэкIырт, тепхъуэм хьэрыпыбзэкIэ зэреджэр «къуббэмрэ бзумрэт») Iэтауэ щиIыгът. Апхуэдэ щIыкIэу уэрам зекIуэр Сэреишхуэм нэблагъэри сулътIаныр тахътэм дэкIуеящ, эмирхэм абы и пащхьэм щIым ба щыхуащIу. БыдапIэм сулътIаныщIэм и щIыхькIэ бэрэбанэхэр щытеуэрт, зэрыкъалэу абы и цIэр щагъэIурт. Къуажэдэсхэри къулыкъущIэхэри щынэжэгужэ Каир махуибл кIэ гъэщIэрэщIауэ щытащ».

Адыгэ-шэрджэсхэр мысыр утыку къызэрихьар

Бэркъукъу Шэрджэс сулътIанхэм я тепщэгъуэм и лъабжьэ зыгъэтIылъа сулътIанщ (1382 - 1517). Шэрджэс мамлюкхэм я бжыгъэр щыбэгъуар Къэлэун и тепщэгъуэрщ (1280 - 1290). Абы дзэ щхьэхуэ зэригъэпэщауэ щытащ, зауэлIхэм я нэхъыбэр Кавказым кърашауэ. Хьэрып щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, япэу сулътIан хъуа адыгэр Джашангир Бейбарст (1309 гъэм). Ауэ ар адыгэу щытауэ убжыныр шэч къызытумыхьэ Iуэхугъуэу щыткъым, абы тетыгъуэр зэрыIэщIэлъа зэман кIэщIыми политикэ и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэшхуэ къигъэхъуакъым.

Адыгэхэм мамлюк сулътIаныгъуэм щаIа мыхьэнэмрэ хьэрып щIэныгъэлIхэр «шэрджэскIэ» зэджэу щыта лъэпкъым я Iуэхур зыIутамрэ къанэшхуэ щымыIэу Айалон Давид тепсэлъыхьащ. Бэркъукъу къызыхэкIам теухуауэ хъыбар кIапэ мамлюкхэм ящыщ, пщIэ зыхуэфащэ тхыдэтх Абу Iэл-Мухьэсин Йусуф ибн Тагри Бэрди (1409 - 1470) къехь. Ибн Тагри Бэрди етх Бэркъукъу Кэса (е Киса, Куса - хьэрып хьэрфхэм я тхыкIэм шэчыншэу уагъэлъагъуркъым «к» хьэрф дэкIуашэм телъ макъзешэр) и лъэпкъым щыщу. Хъыбарыжь гуэр щыIэщ адыгэхэм зэреджэ «шэрджэс» псалъэмрэ а Кэсам и цIэмрэ щызэпащIэу.

ЕпщыкIубланэ лIэщIыгъуэм Ридуан-бей зи цIэ мамлюк эмирым папщIэ зэхалъхьа лъэпкъ жыгым «шэрджэсхэр» фIэщыгъэр дуней гущIыIум къытехьа зэрыхъуа хъыбар гъэщIэгъуэн къыхощ. Абы а зи гугъу тщIы Ридуан-бейр Iэз-Захир Сэйфуддин Бэркъукъу и анэш Iэл-Iэшраф Барсбей и лIакъуэм щыщ хуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ.

«Шэрджэс эмирхэр къызыхэкIамрэ ахэр къурэйшхэм зэрапыщIа щIыкIэмрэ я гугъу щащIкIэ зи нэгу зэхэзыуфэхэм папщIэ» зи псалъащхьэ тхыгъэм зэрыщыжиIэмкIэ, Iуэхур зэрежьар зыгуэрым зэрымыщIэкIэ чыцIыбжьэ къудамэ зэрытехуарщ. Махуэшхуэ гуэрым Бану Амир хьэрып лъэпкъым и нэхъыжь Киса (Тагри Бэрди зэритхым хуэдэ дыдэу мы тхакIуэми «к» хьэрфым трилъхьэр хьэрфзешэ «и»-щ) зэрымыщIэкIэ Фухьэйд зи цIэ хьэрып гуэрым и нэ ирищIащ. Ар хъалиф Умар лъагъэIэсыж. КъилэжьаI тезырым IэщIэкIын папщIэ, Уэдд Iэл-Амири и къуэ Икримэ и къуэ Киса жэщу щIэпхъуэжащ («жэщрыкIуэ» - хьэрыпыбзэкIэ: «сэра»). Абы лъандэрэ цIыхухэр абы Сэракисэ - хьэрыпыбзэкIэ «джэракисэ» («шэрджэс» псалъэм ещхьу) - цIэмкIэ къоджэ. Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIым зэрыжиIэмкIэ, а фIэщыгъэр дэнэкIи хэIущIыIу щыхъуащ - Хиджазми, Йеменми, Палестинэми, Мысырми. Киса мин плIыщIым нэблагъэ и дзэр къыдэщIыгъуу дунейр къызэхикIухьурэ, къыпэщIэувэ псоми ятекIуэрт.

Апхуэдэ щIыкIэу ахэр Византием щынэсым, Константинополь и тепщэ шынам ахэр хуит къещI езыхэр зыхуей щIыпIэр псэупIэу къыхахыну. Арати, къурэйшхэм я щIэблэ зауэлI хъыжьэхэм Iэл-Рэйик жыхуаIэ щIыпIэр, псырэ щIыкIэ бейр, къыхах. Адыгэхэр къызэрыунэхуам теухуауэ апхуэдэ дыдэ псысэ Челеби Эвлия Азов зэрыкIуа щIыкIэр щиIуэтэж хъыбарым хэту къехь. Абы къыхощ хьэрып лIыщхьэ Кису, зы хъыбарымкIэ - Мэчэм, адреймкIэ - Мысырым къыщыщIэпхъуэжу къэIэпхъуауэ. А хъыбарыр албанхэр, курдхэр, адыгэхэр къызытехъукIа зэкъуэшиищым ятеухуа къэбэрдей IуэрыIуатэ гуэрым поджэж: «Зэкъуэшхэм язым зэрымыщIэкIэ зыгуэрым и нэ ирищIати, лей зытехьам и нэ къизыщIам и нэр ирырамыгъэщIыжмэ арэзы щымыхъум, Iуэхур хъалифым и пащхьэ иралъхьащ. Лей къызытехьам зыхуей тезырыр къыхихыну зэрыхуитыр Умар щиукъуэдийм, зэкъуэшхэр Къарэ-Хисэ (Азие цIыкIум) щIэпхъуэжахэщ». Къэбэрдей адыгэ лIакъуэхэм пщы КIэс и цIэу зыгуэр къахохуэ, ар адыгэхэм зэреджэ «касог» цIэрауэ (хьэрып тхылъхэм - «кэса», «касак», «кашак» жаIэу урохьэлIэ) щытынкIи хъунущ. Касогхэр иджырей адыгэхэм (шэрджэсхэм) я адэжьхэу ялъытэ. Ибн Тагри Бэрди зэрыжиIэмкIэ, абыхэм я псэупIэр Бэркъукъу тхыдэкIэ къыщалъхуа и хэкуращ. А щIыпIэр здэщыIэнкIи хъунур Псыжь и щIыб ищхъэрэр е ипщэрауэ хуагъэфащэ. Бэркъукъу и анэдэлъхубзэу хьэрып тхыдэтххэм кърaIуэр адыгэбзэрщ. СулътIаныр и адэм зэрыхуэза хъыбарыр Ибн Тагри Бэрди димыгъэхуIауэ щитхыжкIэ, ахэр адыгэбзэкIэ зэрызэпсэлъар жеIэ, «и адэм зы тырку псалъэ зэримыщIэри» къыхегъэщ.

Бэркъукъу унафэр Iэрыхьа нэужь, Къэлаун и щIэблэу илъэсищэ хъуауэ IумпIэр зыIыгъ тырку-тэтэр къулыкъущIэ гупыр къэнэщхъеящ. Абыхэм мылъку и лъэныкъуэкIэ эмирхэм хуитыныгъэшхуэ къезыт, Къэлаун и зэманым зэтеува Iуэху зехьэкIэр нэхъ къащтэрт. Мыарэзыхэр нэхъыбэу тырку-тэтэрхэм ящыщт, ипэм деж лъэпкъ Iуэхур утыкуу щытыпауэ жумыIэфынуми. Бэркъукъу къыгурыIуэ къыщIэкIынт пхъашэу Iэбэмэ, Iэуэлъауэ къызэрыхъеинури, тахътэм итIысхьа нэужь, къулыкъущIэхэр я IэнатIэм къыIуинащ. ЩытеувагъащIэм щыгъуэ (1382 гъэм щегъэжьауэ 1389-м нэс) абы иджыри къэс тепщэгъуэр зытета, Бейбарс щэджащэм иухуа хабзэжьхэм тет хуэдэу зищIырт, къыпэувынкIи хъунухэр имыукIыу къызэрыдихьэхыным яужь итт, и хьэл тэмакъкIэщIым ар къытехьэлъэми.

1383 гъэм Iэл-Мутэуэккил-хъалифыр эмир Куртрэ зыкъэзыIэта зауэлI щий зи унафэм щIэт эмир Ибн Кутлуктамуррэ ягуохьэ. Абыхэм я мурадт шуудзэ топджэгум щэбэткIэ кIуэ Бэркъукъу джэгум здыхэтым яукIыу унафэр Iэл-Мутэуэккил IэщIалъхьэну. СулътIаным ар къищIащ. Къуаншэхэр къызэраумыса щIыкIэр Ибн Тагри Бэрди къеIуэтэж:

«Курт нэмыщI зыми зыкъиумысакъым. Ар сулътIаным игъэшына нэужь, къэхэшащ: «Хъалифыр къызэджэри къызжиIащ: «Мы лейзехьэхэм си унафэншэу къэралыр я IэмыщIэ иралъхьащ. Сэ егъэзыгъэкIэщ Бэркъукъу сулътIан зэрысщIар...». ИтIанэ хъалифым езым сыгуэту Пэжым сыкъыщхьэщыжыну къыспиубыдащ. Сэ арэзы сыхъури, Iуэхум хэтыну зауэлI щийр хуэзгъэхьэзырыну къэзгъэгугъащ». «Сыт мыбы жиIэм теухуауэ пхужыIэнур?» - йоупщI сулътIаныр хъалифым. «Абы жиIэр пэжкъым», - жиIащ Iэл-Мутэуэккил. Абдежым сулътIаным Ибн Кутлуктамур зыхуигъэзащ. «Сэ абдежым сыщытакъым, - жиIащ а эмирым, - ауэ хъалифым Пыл хытIыгум тет и унэм сригъэблагъэри къызжиIащ: «Мы Iуэхум псапэ пылъщ. ИтIанэ АлыхьталэмрэПэжымрэ я хьэтыркIэ дамэгъу сыхуэхъуну сыхигъэзыхьащ». Iэл-Мутэуэккил зымкIи зыкъиумысакъым. Бэркъукъу къэгубжьщ, маисэр къиштэри хъалифым и пщэр пиупщIыну зыкъишэщIат. Ауэ мысыртет Судун къыщылъэтри, сулътIаныр ерагъыу зэтриIыгъащ. ТIэкIу тесабырэжа нэужь, сулътIаным Куртрэ Ибн Кутлуктамуррэ укI тезыр ятрилъхьащ, хъалифым и унафэр хеящIэхэм я пщэ дилъхьащ».

Курт яукIащ. Ибн Кутлуктамур щхьэщыжакIуэ игъуэту кърагъэла нэужь, иджыри Айубидхэм я зэманым яухуауэ, «Хъизанат ШамаилкIэ» зэджэ хьэпс нэхъ шынагъуэ дыдэу Каир дэтым ирадзащ. А хьэпсыр щIакъутэжар сулътIан МуIэйд (1412 - 1421 гъэхэм тетащ) и зэманращ. Iэл-Мутэуэккил лъэхъу иралъхьэри быдапIэм и чэщанэхэм язым щIаубыдащ. Хъалиф хъуну къагъэлъэгъуаитIым яхэда нэужь, Бэркъукъу хъалифу Iэл-Мутэуэккил и анэш Iэл-Уэсикъ ЕтIуанэр тригъэуващ (1383 - 1386).

Iэл-Мутэуэккил укI тезыр тралъхьакъым. Зэман дэкIри, Бэркъукъу абы къыщхьэщыжа эмирхэм я хьэтыр илъагъури, хъалифым лъэхъухэр ирахыжынуи арэзы хъуащ, ауэ хъалиф къулыкъур иритыжакъым. Iэл-Уэсикъ ЕтIуанэр дунейм ехыжа нэужь, 1389 гъэм абы хъалифу Аббасидхэм ящыщ Закарийэ тригъэуващ, ауэ иджы абы езым япэу тхьэ хуиIуащ. Iэл-Мустэсим цIэ лъапIэр зэрихьэу, Закарийэ «фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я пашэ» цIэ лъапIэр 1389 гъэ пщIондэ зэрихьащ.

Ибн Кутлуктамури къаутIыпщыжащ. Абы и адэ Iэл-ИлаIи сулътIаным епсэлъэну тегушхуатэкъым икIи апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэ зыми елъэIуатэкъым. Iуэхур щакIуэм щызэхэкIащ. Кутлуктамур-адэм и пщыIэм блэкI пэт, Бэркъукъу къэувыIащ. НыбжьыщIэр къыщIэкIщ, сулътIаным и пащхьэм щIым ба щыхуищIри зекIуэшиплI тыгъэу Iихыну къелъэIуащ. Бэркъукъу идакъым. Кутлуктамур аргуэру щIым ба хуишIу аргуэру тыгъэр Iихыну къыщелъэIум, Бэркъукъу арэзы хъущ, мамлюк дадэм и пщыIэм щIыхьэри, Кутлуктамур и къуэр къаутIыпщыжыну унафэ ищIащ. СулътIаным абы занщIэу тыгъэ хуищIыжащ и адэм кърита дыщэ уанэмрэ шыщIэлъ хэдыкIарэ зытелъ шиплIым язрэ.

Йэлбугэрэ Бэркъукъурэ зэпэщIоувэ

Хъалифыр я пашэу сулътIаныр яукIыну зэрыхэтар Iуэху нэхъ шынагъуэжхэм я къежьапIэт. СулътIаным къыпэщIэтхэр Йэлбугэ Iэн-Насири эмирым и хъуреягъкIэ щызэгухьащ. Ари Бэркъукъу ещхьу, Iэл-Умари и мамлюкхэм ящыщт, ауэ сулътIаным нэхърэ нэхъыжьт, Бэркъукъу иджыри къулыкъу къыщрамыта зэман лъандэрэ «щэм я пашэ» къулыкъур зэрихьэрт. Iэл-Мэлик Iэл-Iэшраф Шэхьбан и сэрейм Бэркъукъу зауэлI къызэрыкIуэу щыдэта зэманым, ар Йэлбугэ и унафэм щIэтрэ хуэжыIэщIэу къекIуэкIат. Iэл-Iэшрафым и къуэр традза нэужь, Iуэхум зихъуэжыпащ. 1384 гъэм и мазаем Хьэлэб и тепщэ Йэлбугэ сулътIаныщIэм пщIэ хуищIыну сэрейм къэкIуащ. Дыгъуасэ хуэдэм и унафэм щIэта Бэркъукъу и пащхьэм зыщигъэщхъри, абы щIым ба хуищIащ, иджы ар щыту езыр тIысыну хуимыту.

Илъэс ныкъуэм и кIыхьагъкIэ Бэркъукъурэ Йэлбугэрэ а щытыкIэм итахэщ. ШыщхьэуIум Бэркъукъу Йэлбугэ Хьэлэб и тепщэ къулыкъум тригъэкIри, александрие хьэпсым иридзащ. Ибн Тагри Бэрди зэрыжиIэмкIэ, 1389 гъэм наIуэу къэхъуа зэпэщIэтыныгъэм и япэ Iыхьэм абдежым щIэхъумауэ щыщIидзат.

1386 гъэм сулътIаныр яукIыну зэрызагъэхьэзырым теухуауэ Бэркъукъу бзэгу хуахьащ. Къуаншэхэр ягъэтIысри башкIэ яубэрэжьащ, къаугъэшы цIыхуипщIымрэ абыхэм я пашэ Тамурбуг Iэл-Хьэджибрэ яукIащ. ЗыкъэзыIэтахэр гущIэгъуншэу зэраукIам мамлюкхэм я зэхуаку зэкъуэтыныгъэм зыщригъэубгъуакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы къуэш зэрыгъэхъунымрэ благъагъэмрэ зэщIилъэхъа мамлюк жылагъуэр тезыр пхъашэхэм зэпэщIасэным тригъэгушхуэрт. Аращ мамлюк унафэ зехьэкIэм къаруии тIасхъапIэуи иIар.

Йэлбугэрэ Минташрэ Бэркъукъу традзыну зэгуроIуэ

1387 гъэм Бэркъукъу Йэлбугэ сэрейм ириджащ. Эмирым сулътIаным хуэфэщэн пщIэ къигъэлъэгъуа иужь, абы и къулыкъур кърaтыжащ. Йэлбугэ иджыри Каир дэкIыжатэкъым, Iэл-Iэшраф сулътIаным (1363 - 1376 гъэхэм тетащ) и мамлюкхэм эмир Малатьерэ Минташрэ я унафэм щIэту зыкъыщаIэтам. СулътIаныр эмирхэм едаIуэу Йэлбугэ Хьэлэб зэригъэкIуам хущIегъуэжат, ауэ унафэ ищIар ихъуэжакъым. Абы игурэ и щхьэрэ зэтелъ хуэдэу зиIыгът, хьэл зэрыхуэхъуауэ, Гизэ щэкIуэну ежьащ. Абдеж дыдэм сулътIаным Минташ къыбгъэдэкI хъыбарегъащIэ къыхуэкIуащ и тепщэр сулътIаным и унафэм зэрыщIэтымкIэ тхьэ иIуэу. Щамым хъыбар зэтемыхуэхэр къиIукIырт. Минташ зыкъиIэтауэ жаIэрт, и тхьэрыIуэ нэпцIхэр къигъэщхьэпэу, уэсыр текIыжыху зигъэхьэзырыну арат. Бэркъукъу Щамым эмир-тIасхъэщIэх игъэкIуащ, пэжыр щэхуу къищIэныр и унафэу.

АпщIондэху Хьэлэб сулътIаным щилIыкIуэ Йэлбугэ Iэн-Насирирэ и къулыкъум трагъэкIа дзэзешэ Судун Iэл-Музаффарирэ зэфIэнащ. ТIури зым адрейм теухуауэ сулътIаным хуэтхьэусыхэрт. Бэркъукъу ищIэнур имыщIэу зрилъэфыхьми, Йэлбугэ хуищI гурыщхъуэхэм кIуэ пэтми хэхъуэрт.

Тхыдэ хъыбархэм къыхощ а зэманым дзэм къыщыхъу мыхабзэ IэуэлъауэхэрКъызэрыщыхъеяр. 1388 гъэм Бэркъукъу сулътIаным мамлюкхэм я унафэщI Бэхэдур къреджэ, ауэ ар быдапIэм щымыIэу къыщIокI. Нил и Iуфэ гуэрым чэфу ерагъмыгъуейуэ къыщагъуэтыжа Бэхэдур сулътIаным и сэрейм къашэ. МафIэ зэщIэнам хуэдэу къэгубжьа сулътIаным Бэхэдур пщIым я унафэщI ещIыжри, Сэфэд егъакIуэ.

Iэуэлъауэхэр щыбагъуэ лъэхъэнэм Бэркук мызэ-мытIэу езым и мамлюкхэм мылъкукIэ защIигъакъуэрт. Язынықъуэ тхыдэтххэм жаIэ сулътIаным зауэлI къэс ахъшэр и IэкIэ IэщIилъхьауэ. СулътIаным и дзэм хэт зауэлIхэр зэгъусэу шху ирафыну кърикгъэблэгъэн щIидзащ 1389 гъэм и мазае лъандэрэ. Апхуэдэ зэхуэсхэр БыдапIэм и лъапэм деж щэбэт-тхьэмахуэ къэс щекIуэкIырт. ТибаккIэ зэджэ зауэлI ныбжьыщIэхэр щагъасэ еджапIэми мылъку хухагъэкIырт. Псалъэм папщIэ, мэлыжьыхьым и 27-м, 1389 гъэм абыхэм дирхьэм щитI-щитI иратауэ щытащ. Мамлюк къэщэхун-гъэсэжыныр езыр-езыру къалэн зыщызыщIыжа сулътIаныр абы и фIыгъэкIэ яхуэгъэзат Iуэхур зэхэзэрыхьмэ узыщыгугъ мыхъуну эмирхэм, ахэр я псалъэм епцIыжыныр къэхъункIэ мыхъун гуэру щыттэкъым.

СулътIан къэгузэвам Йэлбугэ тыгъэхэр хуригъэхьри, щыхьэрым иригъэблэгъащ, Минташ зэрихьэхэм дытепсэлъыхьын хуэдэу. Хьэлэб и тепщэр къаубыдынкIэ шынэри, Минташ кIэлъымыплъу мыхъун хуэдэу щхьэусыгъуэ ищIри, унафэр игъэзэщIакъым. Йэлбугэ сэрейм къэкIуэну арэзы зэрымыхъуам Бэркъукъу гурыщхъуэ иригъэщIри, нэхъ гъунэгъуу къыбгъэдэт и мамлюкхэм ечэнджэщыну зэхуишэсащ. Унафэ къащтащ Судун екIужыну унафэ зэрыт тхыгъэ IэщIалъхьэу, Йэлбугэ деж лIыкIуэ ягъэкIуэну. ИпэжыпIэкIэ лIыкIуэм и къалэныр Йэлбугэ хьэпсым ирадзэн папщIэ сэбэп хъуну цIыхухэр къиугъуеинырт. Йэлбуги и Iэр зэтедзауэ щыстэкъым. Абы иутIыпща мамлюкым Каир кIуэцI сулътIаныр трамыдзу мыхъуну хъыбар щигъэIурт. А агент лъэ псынщIэр хунэсащ и унафэщIыр ягъэтIысыну зэрызагъэхьэзырыр цIыхухэм яхигъэIуэну икIи сулътIаным и лIыкIуэр Хьэлэб нэмыс щIыкIэ, езым и унафэщIым хъыбар хуихьри нэсыжащ.

Бэркъукъу и мурадхэр къэзыщIа Йэлбугэ Iэсэ дыдэу икIуэта хуэдэу зищIырт. СулътIаным и унафэм ипкъ иткIэ, абы Судун Iэл-Музафари и хэщIапIэм кригъэблэгъащ, ауэ зэхуэзахэр зэкIужыфакъым. Судун Iэщэ иIыгъти, къызэрысу къэхъея зэрызехьэм езыри и гъусищри хэкIуэдащ. А къэхъукъащIэм и щхьэусыгъуэкIэ зэпэщIэувахэм я Iуэхур утыку хъущ, Йэлбугэ Iэн-Насири Минташ дамэгъу хуэхъури, зэгухьахэм сулътIаныр зэрыттрадзынум зыхуагъэхьэзырын щIадзащ.

Шэрджэсхэмрэ тыркухэмрэ зэпэщIоувэ

АпщIондэху Каир унафэ къыщащтэ Йэлбугэрэ Минташрэ езэуэн дзэ яутIыпщыну. БыдапIэм и гупэм деж Бэркъукъу тхьэрыIуэ махуэшхуэ щрегъэкIуэкI. Зэман докIри, зыкъэзыIэтахэм Триполи зэраубыда хъыбарыр къоIу, Хамэ и тетыр щIопхъуэжри къалэр Йэлбугэ къещтэ. Бэркъукъу псынщIэу унафэ зыбжанэ ищIат зыкъэзыIэтахэмрэ хъалифымрэ зэгурыIуэну хунэмысын хуэдэу. Тахътэм ирагъэтIысхьэнкIэ хъуну *фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я пашэмрэ* Къэлэун и щIэблэмрэ уазэрылъэIэсын Iэмалыр зэпеупщIри, сулътIаным и мамлюкхэм аргуэру тыгъэ хъушэ ярет: шыхэр, махъшэхэр, Iэщэхэр, дирхьэм мин зырыз. Тебризрэ Мардинрэ я тепщэхэм сулътIаным и лъэныкъуэу зэуэну псалъэ ят.

Бэркъукъу Щам игъэкIуа зауэлI гупыр Газэ нэсакIэт. А щIыпIэм щыIэ сулътIаным и лIыкIуэм эмирхэм яхуэфэщэн пщIэ яхуищIащ, зауэлIхэм сэлам ярихри, ахэр адэкIэ Дамаск зэрыкIуэнум хуэзыунэтI и къалэнхэр игъэзэщIащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, мысыр мамлюкхэм я дзэпщым ар хьэпсым ирыригъэдзащ. Куэдым къащыхъуащ лIыкIуэр зэрытырку къудейм щхьэкIэ ягъэтIысауэ.

ТепщэгъуэщIэм и Iуэхухэр щызэхэзэрыхьа сыхьэтым адыгэхэмрэ тыркухэмрэ нэхъ гуащIэу зэпэщIэувэн щIадзэ. Езы Бэркъукъу а зэманым иджыри мурад зыхуищIыжатэкъым тырку къулыкъущIэхэм еныкъуэкъуну, абы и телъхьэхэм я бжыгъэр хигъэщIын фIэкIа зыри зэрыхимыхынур къыгурыIуэрт. ЗэрыжаIэмкIэ, къэхъуар Газэ щыщ эмирхэр я гукъыдэж къудейт. Дамаск щыIэ дзэр гуитIщхьитI хъуащ, сулътIан-адыгэр зыгъэпэжхэм я гукъыдэжхэр къэтIэсхъащ тырку лIыкIуэр ягъэтIыса нэужь. Газэ хъыбар къыщиIукIа япэ жэщым тырку щэ ныкъуэ Дамаск дэкIыжри, зи бжыгъэр кIуэ пэтми багъуэ Йэлбугэ Iэн-Насири и лъэныкъуэм зратащ. Гъатхэпэм и кIэм зыкъэзыIэтахэм Баальбек и тетымрэ Дамаск щыщ эмир пщыкIущрэ ягухьащ.

Мэлыжьыхьым и пэм Бэркъукъу и дзэр Дамаск дохьэ. Ауэ абы зыкIи сулътIаным и унафэм и пщIэм хигъэхъуакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэман зэхэзэрыхьам иутIыпща мамлюкхэм лей зэрахьэн щIадзакIэт. Iуэхур апхуэдэу щыхъум, къалэдэсхэм Дамаск гупэм къыIухьа Йэлбугэ и лъэныкъуэр къащтэныр нэхъ къыхахащ, Бэркъукъу и пщылIу къэнэн нэхърэ.

Япэрей зэхэуэ гуащIэм сулътIаным и дзэм бийхэр иригъэкIуэтащ. ИтIанэ Йэлбугэ и гупыр аргуэру зэ зэтраукIащ. Зэхэуэм и гуащIэгъуэм Бэркъукъу и эмиритI я зауэлIхэр я гъусэу Йэлбугэ гухьахащ. Ахэр къахэхъуа нэужь, зыкъэзыIэтахэр Бэркъукъу къатеуэжри, зыIэрагъэхьа Iэщэмрэ гъэрхэмрэ быдапIэм ирагъэшащ.

Адыгэхэр зэпэIэщIэ ящI

Йэлбугэ шэрджэсхэр зэпэIэщIэ ищIын папщIэ, я зы Iыхьэр Баальбек, къэна адрейр щам къалэхэм дэт хьэпсхэм иригъэшащ. ЩIэпхъуэжахэр къаубыдыжурэ тезыр хьэлъэхэр тралъхьэрт. СулътIаным нэхъ къыхуэпэж блыгущIэтхэр хуэм-хуэмурэ IэщIэкIырт.

ТекIуахэр Дамаск пщIэ къыхуащIу дашащ. Абыхэм сулътIаным хуэпэжу къэна эмирхэмрэ къэлэтетым и хэщIапIэмрэ зэхакъутэри, мылъкуу щIэлъари зэрапхъуащ. Зэрыхьэзрийм къалэдэсхэр жану къыхэувэрт. Мухьэммэд бин Сасрэ тхыдэтхым зэрыжиIэмкIэ, абы езым и нэкIэ илъэгъуащ мылъкур зэрызэщIакъуэр: ахъшэхэр, дыщэхэкIхэр, щэкIхэр, унэлъащIэхэр, бжэм хэлъ щхьэгъубжэ цIыкIу хэбзыкIахэр, уеблэмэ унэм хэт пхъэ блыпкъхэр зэрызэрагъэубыда гъущI Iунэхэр зэщIащыпащ.

Бэркъукъу зегъэпщкIу

СулътIан Бэркъукъу Щам зэрыщрагъэкIуэта хъыбарыр Каир нэсыжа нэужь, щыхьэрым зэрызехьэн щIидзащ: бзэрхэр зэхуащIат, дыгъуэнымрэ цIыху укIынымрэ заубгъуат. Хуабэ уз къызэрежьам Iуэхур нэхъеиж ищIащ. Тхыдэдж гуэрым зэритхыжымкIэ, «Бэркъукъу гужьеигъуэм зэщIиулIат». Дамаск деж щекIуэкIа зэхэуэм абы щыфIэкIуэдат гъусэ нэхъ къыхуэпэжхэр. Эмирхэм ечэнджэща нэужь, сулътIаным Щам аргуэру зы дзэ иутIыпщыну мурад ещI. А дзэм хыхьащ мамлюк 1400-рэ, дэтхэнэ зыми дирхьэм мин иратащ. Дирхьэм щитI-щитI иратащ сулътIаным и тибакым щеджэ ныбжьыщIэхэми.

Йэлбугэ Iэн-Насири и пIэкIэ Хьэлэб лIыкIуэу ягъэкIуа Инал Iэл-Йусуфи сулътIаным къызэрепцIыжам и хъыбар къэIуащ. Хьэргъэшыргъэм и зэманым хъалифым и псалъэм мыхьэнэ иIэнкIи зэрыхъунум къыхэкIыу, сулътIаным *фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я пашэр* и сэрейм иригъэблагъэри хеящIэр щыту сулътIанымрэ Iэл-Мутэуэккилрэ тхьэрыIуэ быдэкIэ зэныбжьэгъуну псалъэ зэратащ. Iэл-Мутэуэккил тыгъэ лъапIэхэр къыIэрыхьащ, шы гъуабжэрэ БыдапIэм и Iэхэлъахэм ит унэщIэрэ дэщIыгъуу. Абы иужь Бэркъукъу налогхэр зэрыхамыхынур игъэIури, къалэдэсхэм я тыкуэнхэмрэ я унэхэмрэ ягъэбыдэу къалэр зэрахъумэным зыхуагъэхьэзырыну къыхуриджащ. Каир къызэрытеуэнуIам зыхуигъэхьэзырырт.

ПлIыщIымрэ пщIымрэ я пашэ эмирхэм дирхьэм щиплI-щиплI яIэрыхьащ, дзэм хэт гуп псоми мылъку хухагъэкIащ. ИтIани, Йэлбугэ деж щIэпхъуэжхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт, ар 1389 гъэм Каир гупэ къэсакIэт. Зэман дэкIри, сулътIаным зэуэ езым и мамлюк 500 къепцIыжащ. ЕпцIыжыкIэ гущIэгъуншэт ар, бзаджагъэ хэлъуи къэхъуат. СулътIаным миным я пашэ эмирхэм динар мин пщIырыпщI, макъамауэ зыдэщIыгъу эмирхэм - мин тхурытху ярита къудейт. Жэщ къэс мамлюкхэр быдапIэм дэкIыурэ щIэпхъуэжхэрт. СулътIаным и IэкIэ Карэ Димирдаш Iэл-Iэхьмади динар мин 30 щритым, эмирым хэIэтыкIауэ жеIэ: «Си пщу сулътIан, тхьэ соIуэ пщылIу сыкъыбгъэдэнэнкIэ, шэч къыстумыхьэ». Сыхьэти дэкIатэкъым Карэ Димирдаш шым шэсу Йэлбугэ и хэщIапIэм щиунэтIам.

СулътIаным и мамлюк нэхъ къыхуэпэжхэр бийм пэщIэувэурэ зауэхэрт, ауэ къарухэр зэхуэдэтэкъыми, Бэркъукъу тахътэм текIыу зигъэпщкIун хуей хъуащ. АдэкIэ къэхъуахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, сулътIаным къыщыщIынкIи хъунур зэлъытар и блыгущIэтхэм ящIэнурат.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Каир. Бэркъукъу и мэджытыр.

● Анэм папщIэ псалъэ

Ди щхьэр тхъуами, дыбгъэфIэн уфIэфIщ

«...ГъащIэр ехь
И быным тегужьеикIауэ:
Жьыр къепщамэ,
фIощI ирихьэжьэн.
Къытехьуам уэлбанэ,
унэм ар щIэкIауэ,
Псыдзэм ихьын
фIэщIу ныпежьэнщ...»

Сыту дахэу хуэуса Мыкъуэжь Анатолэ анэм. Сэри усэбзэм сыхуэзшэрыуэу щытамэ, сыхуэзэсэнт си анэм! Си фIэщ хъуркъым зы цIыхуи щыIэу си анэр фIыуэ зымыльагъу. Балигъ сыхъуами, сысабийуэ зыкъыщохъуж, си анэр си щIыб къыдэтщи. Ар Зеикъуэ щыпсэу Къэрэнашэ (Къуэдзокъуэ) Марусэщ.

СИ АНЭР еплIанэ классым щеджэу зауэр ди щIыпIэм къыщысым, еджэныр зэпыуа хъуат. Зауэ нэужым политикэ лей зрахахэм си адэшхуэр яхэхуэри ягъэтIысат. Бын унагъэушхуэм я нэхъыжь хъыджэбзхэм я анэм зыщIагъэкъуэн хуейти, абдежым щыщIидзащ гугъуехь гъэнэхуныр. Зауэ нэужым колхозыр зэрэгъэуватащ, унагъуи дыхъужахэщ. Къуэрыльху-пхъурыльхуу 17-рэ абыхэм я быныжу 19-мрэ ящогуфIыкI, дзрэжгъуэ хэрат нобэ ди анэм.

Зи насыпт къэкIуэгъуэ къуэрылъхупхъурылъхуэхэр и мащIэкъым ди анэм. Абы къыгуроIуэ зэманыр кIуэхукIи щIалэгъуалэм я дуней тетыкIэми я зэхущытыкIэхэми зэрызихъэжьыр, икIи иропIейуэ абыхэм я къэкIуэнум. Абы кушъэр жиIэу зэхьбох:

- Иджырей гъащIэм удэзыихьэхьи мыхъумыщIагъэ щыкуэдщ, ахэр зэран мэхъу унагъуэ быдэ ухуэнымкIэ. Нэмыс зиIэ бзылъхугъэм и дахагъэр тIуащIэ мэхъу. Нэмыс зыхэвгъэлъ. Мылъку щIэкъуэхэр куэд хъуащ: зи Iэм къымылэжьа кулеягъэм ехъуапсэрэ псэукIэмыщIэу, лэжьыгъэм пэIащIэу. Апхуэдэу къэхуэцар гугъуащ гъащIэдэкI хьэпэлым пэрыпщэжьыну. Ди пщIэнтIэпскIэ къыумылэжьар зэи хьэпэ хъунукъым. Щхьэж и гъэгъэкIэ и гъуэлыжькIэщ, - жьыхуаIэращи, ущыщIалэм зыхьымылъхьар гугъущ зэбгъэпэщыжьыну.

Анэшхуэм и ущиекэр гулъытэншэ жьакъым: и къуэрылъху щIалэ цIыкIуэхэм пасэу унагъуэ яхуащ, бынныфIэ зыхьахэщ, «я щхьэ я къамылэту» жьыуаIэм хуэдэу лэжьыгъэм пэрытхэщ. Илъэс 30 ныбжьым нэмысу унэ-лъапсэ яухуэу щIэтIысхьэжьахэри яхэтщ. Ди анэр щIохъуэпс унагъуэ имиыха и къуэрылъху-пхъурылъху пщащэ цIыкIуэхэми я насыпт илъагъуну. Езым и гъащIэр кьыззрекIуэкIар куэдрэ щапхъэу къахуехь абыхэм. Унагъуэ быдэ яухуэну хуейиме, зыльщэн зыхалъхьапхъэхэм я гугъу ещI. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу абы къэплъытэ щIыхубзым шIэнэнкIэ иIэн зэрыхуейр, икIи унагъуэм нэмыс иIыныр зэпытар нэхъыбэу унэгуащрауэ жеIэ. Апхуэдэу, унагъуэ насыпыфIэ ухуэнымкIэ абы кьалэн нэхъыбэ и пщэ къыздэхуэр сытет ди анэм къыкIэгъэщ, щIэблэри абы хуеущий.

Езыри нысу зэрыщытар зыщымыгъупщэ нанэм и нысхэр пхъу пэлъытэущ къызэрыщыхъур. Сыт хуэдэ унагъуэ IуэхумкIи зэрыльэкIкIэ нысэхэм защIигъакъуэмэ, я бынхэр ядипIмэ ар зэрыгуагъэр къыгурыIуэу, и нысищми ядэIэпыкъуу яхэтащ гуащэр.

ЗэрыжаIэщи, адэр унэтелажьэщи, анэр унэгуащэщ. Гугъуехь куэд я фэ дэкIащ ди адэ-анэм, я узынышагъэри абы хигъэщIащ. Узым къыIэщIэмыкIыфу ильэс пщыкIубл ипэкIэ ди адэр дунейм ехьжащ. Ди адэр Iэщыхъуэти колхоз фермэм бригадиру щылажьэрт, къущхьэхъу щIыпIэхэм щыщIIэм деж, мазэ енкIэ щыдмыльагъу къэхъурт. ЗыгъэпсэхуакIуэкIэ къэкIуэжми, махуэ зытIуц пIалъэу кърату арат, апхуэдизу лажьыгъэм ткIийуэ пэрытти. А зэманым сабий ныбжьым ситами, си нэгу щIэтщ ди анэм гугъуехьу и пщэ къыздэхуэу щытар. Къалэн нэхъ хьэлъэр унагъуэм Iэщу дэтым якIэпыпIэныныр. Бын нэхъыжьхэр къалэм еджащIэ щIэзэрэ нэхъыщIэхэр дэIэпыкъуэгъу мыхъумэ, псори зыгъэзащIэр езырат. «Гугъуехь щыщIIэр абы утекIуэнырщ», - щыжаIар си анэрами ялейт. ЩIымахуэ щIыIэу, уэсыр кууу зетлъу, пэгунитIыр пхъэхьым фIэлъу дэкIыпри, Iэщым ирафнур Бахъсэн ГЭС-м кIуэ кIэнауэм къыдихьыурэ кьихьыт. Ар кузбжьм къыдыхьэжьыу сабий нэхъыщIэхэр дыгуэавэу щхьэгъубжьм дыIут, псыхъуэм и Iуфэхэр зэрыщIытыкIар тщIэрти.

ЦIыхум и гум къонэ и нэгум щIэкIам щыщ куэд. Быным щыгъупщэркъым анэ гу щабэм и псалъэ IэфIхэр. ЦIыхур бдапIкъуэ нэужькъ щызыхищIар анэм и Iэфлагъыр. Абы и ущиекэмрэ и щапхъэмрэщ къыщыжьэр быным и гъэсэныгъэр.

- Анэращ жэщ зыхьыр быныр гъэсэныкIэ, - жиIэ зэпытущ ди анэм.

- Унагъуэ зехьэкIэм хуэгъэсэныр, цIыху хэтыкIэ егъэщIэныр, хабзэ, нэмыс яхэлъхьэныр - а псори зи къалэныр анэращ. И унагъуэшхуэр зыхуей хуэзэу псэун папщIэ и акъылри гупсысэри лэжьыгъэм ехпахэу, и Iуэху Iыхьэр кIрихьэлIэу губгъуэм ит ди адэм и быным яхэсыну зэман къыхуэнэртэкъым.

И махуэхэр зэрекIуэкIыну щIыкIэр зэхихьэмэ ярейуэ, сыт хуэдэ Iуэхуми хунэсырт ди анэр, псори зэкIэлъыгъакIуэрт. Iэщри джэдкъэзри куэду зэрихуэрт, хадэ, пщIантIэ, унэхэм я зехьэкIэр хьэблэ унэгуащэхэм я щапхъэт. Си сабиигъуэр сигу къыщыкIыжкIэ си нэгу къыщIэувэ тепльэгъуэхэм ящыщщ мыр: щIымахуэ пщэдджьжь щIыIэу, кьабзэу зэщIэкъуэ унэм и хьэкум щыпIэнкI мафIэм и мафым хуэмыгъэшрэ укъэлтъэмэ, шхын хьэзыым и бахъэр къызрих шыуанэр хьэкум тету, Iуэху гуэрхэр ищIэу ди анэри адрей пэшым щхэуу щыпэщащэу щIэту...

Сыт хуэдэу гугъу ехьми, и нэщхъыр зэхэлъу, зэрешар къуигащIэу щыттэкъым ди анэр. А хьэлыр и быними къытхилъхьащ. «Ар цIыхухъу лжэныгъэщ», - жиIэу зэхэпхынтэкъым. Шэмазджьр къыщIэту хадэм удэ кIыр хьэхъуэр пиупщIыфынут, бжьыхьым къеуэхуа мывэр трилъхьэжьфынут. НобэкIэ и узыншагъэм кIэрыхуами, узыр къытекIуэми, и Iэр зэтедзауэ щысыфкъым ди анэр. И нысхэм, абыхэм я нысэжхэм зэрызащIигъэкъуэным яужь итщ, къуэрылъхухэм йоущие, абыхэм я бын цIыкIуэм я гущэкъуи иIыгъщ.

- Си анэр симыIэжми, анэ папщIэ схуэхъуащ, быным хуэрэу сыкъельащ. Ар сэ зыхьзощIэ, - жеIэ нысэ нэхъыщIэ Ирин». Илъэс 17 и ныбжьу къуэ нэхъыщIэм щхьэгъуэз хуэхъуа цIыкIуэм и къуэхэми пасэу къашауэ, нысищ иIэщ. Гущащхуэм и щапхъэм ирикIуэ, абы и чэнджэщхэм щIэдэIуу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, къащIэхъуа сабий цIыкIуэхэр зэдапIу унагъэшхуэр зэдопсэу. Аракъэ уэнгъуэ хасып жыхуаIэр.

Уи напэр зэманыи зэригъэлъами, уэ нэхъ дахэ щыыIэу къысщохъу, си анэ! Уи Iэхэр гугъуехьым пхъашэ ищами, абыхэм нэхъ щабэ сриъэлIакъым. Кьыбдалъхуам я гуэру куэд плъэгъуами, уи бзэр дахэу, уи нэгур гуфIэу укъытхэтщ. Сыту куэдрэ сэбэп къытхуэхъуэр уи чэнджэщхэр, къытхэплъхъэ гушхуэныгъэмрэ дэрэжгъэгъэмрэ. Узмылтагъуу зэман дэсхэми, уи лъагъэныгъэм къысхилъхьэ къаруушхуэр зыхихэщIэ. СынэкIуэкрэ уи пIэ лъапэ сыщетIысхэрэ, «Сыпхуэзарэзыщ, си хъыджэбз», - жиIэпIэрэ уи Iэр си щхьэфэм къыдэплъэмэ, сэ езыр анэ сыхуэжами, сысабийуэ зыкъыщоцхъуж. «Анэ, ди щхьэр тхъуами, дыбгъэфIэн уфIэфIщ. Хэт щыIэн уэр нэхърэ нэхъ гумащIэ». Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу, ди анэ!

ЩОДЖЭН Iэминат.

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм бгым къежэхын лъэхъэнэр къыщызэIуах

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм лъэхъэнэр мы гъэм пасэу къыщызэIуахащ «Мир» станцым щегъэжьауэ «Гара-Баши» нэс бгы-лыжэ трассэр щэкIуэгъуэм и 19-м къыщыщIэдзауэ хьэщIэхэм хуагъэхьэзыращ.

КIАПСЭ гъуэгум и чэзуующи здгагъэлажьэ. 2015 гъэм и дыгъэгъаззм «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-мрэ «Iуащхьэмахуэ» АО-мрэ Европэм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм щызэрагъэпэщащ бгым лыжэкIэ къежэхын лъэхъэнэр нэхъ кIыхь щынымкIэ Iэмал кьозыт гъуэгур, Iуащхьэмахуэ зэрыгагъэфIэкIуэну программэм хихьэу.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафащI Горчев Олег зэрыжиIэмкIэ, блэкIа иIуэсым «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм щыналъэм и адрей апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэм нэхърэ цIыху нэхъыбэм я нэгу щыщрагъэужьащ. «КIапсэ гъуэгум и ещанэ чэзуэр щызэхуащIы-къэдгъэкIыжьащ, «Iуащхьэмахуэ» ОЭЗ-м и зэманым кучрибудэу турист мини 190-м нэблагъэ щыIащ, - жиIащ Горчевым.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэ пэтми ягу нэхъ дыхьэнущ лыжэрэ сноубордкIэ абы къыщызыжьыхьэм. Фигу къэдгъэкIыжьищи, «Iуащхьэмахуэ» зегъэужьыжьащ. Абыхэм я нэгу щыщрагъэужьащ. «КIапсэ гъуэгум и ещанэ чэзуэр щызэхуащIы-къэдгъэкIыжьищи и кIэхэрщ, зыгъэпсэхупIэм а зэманым курибудэу турист мини 190-м нэблагъэ щыIащ, - жиIащ Горчевым.

«Iуащхьэмахуэ» ОЭЗ-м и Правительствэм ищIа унафэм тету, «КСК», «Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» АО-хэм пащэ бгы-лыжэ трассэхэр укъуэдиинным, уэс зэращI системэхэр абы щыгъэуэвыным. ЗыгъэпсэхупIэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ, «Iуащхьэмахуэ» ВТРК-м зыуэ щыт и архитектурэ теплъэ зэгъэпэщынри хьыхьуэ. Абы иджыпсту ди Iуэхущ IапIэр йоложь, Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэззэным ехьэпIа проектым ипкъ иткIэ, - къыпищащ и псалъэм Горчев Олег.

«Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» АО-м и генеральнэ унафэщI Беккаев Хьисэ зэрыжиIэмкIэ, «Мир», «Гара-Баши» кIапсэ гъуэгухэм километритI хуэ кьежэхьпIэ станц зэIухахэм уэсыр зыуфэ техникэ щоIажьэ.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ хьэщIэхэр апхуэдэу пасэу мы гъэм зэрыригъэблагъэр ди гуапэщ. ДляэкIи гъэщIэгъуэн куэд дгъэхьэзырыну ди мурадщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сабийхэмрэ нэхъыжьщIэхэмрэ бгым кьежэхьным зыщыхуэгъэсэну SabyPark утым и лэжьыгъэр едгъэжьэнущ. Апхуэдэу скипассэр щащэ кассищ къыхэдгъэхъуэнущ», - къыхигъэщащ абы.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● ЩIэблэ

Iуэху щхьэпэ

«Хьэл мыхъумыщIэхэм я пIэкIэ - спортыр» фIэщыгъэм щIэту Урысейм щекIуэкIым щыщ Налшык дэт сабий-щIалэгъуалэ спорт школ №1-м къыщызэрагъэпэща зэпеуэр.

КъалэМ и курыт еджапIэхэм щIэсхэр волейболымкIэ, баскетболымкIэ, футбол щыкIымкIэ зэхьэзэхуащ.

ВолейболымкIэ зэпеуа ныбжьыщIэхэм ящыщу фIым я фIыкIу зыкъагъэлъэгъуащ СШ №20-м и еджакIуэхэм. Мыхэр курыт еджапIэ №18-м и командэм дэджэгури, бжьыгъэр 2:1-уэ ятекIуащ.

Мы спорт лIэужьыгъуэмкIэ цIыхубз командэхэм я зэпеуэм курикIуэхэр наIуэ къыщыхьынут щэкIуэгъуэм и 30-рщI. А махуэ дыдэм апхуэдэу екIуэкIынущ баскетболымкIэ, футбол цIыкIумкIэ зэхьэзэхуэхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Псейхэр ягъэхьэзыр

Илъэс куэд хьауэ псейхэр къагъэкI икIи ящэ Белэ Речкэ жылагъуэм дэт «Декоративныеные культуры» Iуэхущ IапIэмрэ «Горзеленхоз»-мрэ.

МЫБЫХЭМ куэд мыщIэу ятпэ псейхэр щыIым къыхахынущ, ахэр къалэ кIуэцIым щыхаха сату щIапIэхэм зэрырашэлIэнум хуагъэхьэзырынущ. Абыхэм я Iыгагъэр метрым къыщыщIидзауэ метрищым нос. Йщэну псейхэм зи Iыгъкъэр памыкуп щIаи яхэтынущ, ахэр Илъэсыщ Iэ нэужьым щIым хэпсэж хъун хуэдэу.

ДыIэрыщIагъуэ зэрыщытар, псей жыгхэр къагъэкIыну гугъуехь пылъщ, зэманыщхьи токIуэдэ.

Нэгъабэ Налшык иIа псей щапIэхэр (ахэр 8 хъурт) мы гъэми нэхъ мащIэ хъунукъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

ЗэрымыщIэкIэ я насып къокI

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Енисей» (Красноярск) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 26-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Судьяхэр Лапочкин, Милюченкэ (тIури Санкт-Петербург щыщщ), Линкин (Воронеж).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Дашаев, Мурачёв, Кузнецов, Соблир, МэкъуауэI (Шаваев, 84), Багъэтыр, Крамаренкэ (Ахриев, 77), Войнов (Семёнов, 68), Дроздов (Мухьэммэд, 68), Ахъятдов.

«Енисей»: Опарин, Чичерин, Чернов, Васильев, Гультяев, Алиев (Комков, 87), Камеш, Ланин (Цуканов, 84), Иванов (Фатуллаев, 68), Семакин, Козлов (Малоян, 64).

Топыр дигъэкIащ: Ахьятдовым, 81 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Дроздовымрэ Фатуллаевымрэ.

80-нэ дакъикъым Камеш пенальти хуэдэгъэкIакъым.

ТХЬЭМАХУЭ кIуам Тюмень щызэхэтын хуеи зэIущIэр дунейм и щIыIагъым и зэранкIэ зэрагъэIэпхъуам и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкым» Iэмал иГъэтащ «Енисей»-м зэрыдджэгунум зэман кIыхькIэ зыхуигъэхъэзырыну. Ар лейтэкъым, красноярскдзэкъэ япэ дивизионым щыпашэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр къэплъытэмэ. Пэжщ, мыбы ипэу мы командэхэр щызэхуэзам ди щIалэхэр 1:0-у хьэщIапIэ щыIэу текIуэт, арщхьэкIэ абы пIандэрэ псы куэд ежэхащ икIи «Енисей»-р епIланэ, «Спартак-Налшыкыр» епщыкIубланэ увыпIэхэм щызэхIощIэкIат. Мы гъэм и иужьрей зэIущIэр екъуIэныгъэкIэ кърахьэлIэу, гугъыдэж яIэу дызыхуэкIуэ хэтхэм техьэну, дауи, лъэныкъуитIри хущIэкъурт.

Апхуэдэу щыт пэтми, хуабжьу сакъыу зэхьэрхуэрэгъуэхэм зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ. Я гуэрэм топ къыдамыгъэкIыщ я кьалэн нэхъыщIэу абыхэм кьалъытэрт. А гупсысэм и щыхьэту урикъунщ джэгум и япэ Iыкъэм кьыхэжакIыну зы Iэмали зэрыщымыIар.

Загъэпсэхуу кьихьажа иужькIэ, футболистхэм ягу кьэкIыжагъэнущ, сыхьэт иримыкъу дэкIмэ отпуск кIыхь кьаззэрыпэщылъыр. Дауэ щытми, я гур джэгум нэхъ ета хъуащ. Иджы топыр дагъэкIыну Iэмал гуэрхэр къыщыкъуэкI кхъэхурт.

ЗэIущIэм и кIэухращ нэхъ хьэлэмэтыр къыщыхъуар. ЕбгъэрыкIуэныгъэм дихьэха ди щIалэхэм хьэщIэхэм я гъащIэхьауэ Малоян яIэщIэкIащ. Мурачёвым ар къызэрыкуэгъэувыIар futбол хабзэр къызэпиудущ. Iэхуур къыщыкъуар ди гъуэм пэгунэгъуэти, судьям метр пщыкIузым игъэлъэгъуащ.

Пенальтир игъэззэщIну бгъэдыхьащ хьэщIэхэм я гъащIэхъуэмэныкъуэ Камеш. Ар и кьару къызэрихькIэ еуащ, арщхьэкIэ, топыр гъуэм хуигъэзэфакъым.

Насыпыр къэкIуэну щIидзамэ, увыIэнкъым. Топ къызэрыхудамыгъэкIам игъэгушхуа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зэуэ зрачащ. Ахьядовыр «Енисей»-м и гущыкъэ-хьумэхэм щIэщIэкIым джэгуп IэгубгъуэрэиухащI. Къыхуэнэжар топыр зэрыхъуIэ къыхитэнурати, апхуэдэу ищIащ икIи хьэщIахэм я гуащIэзэтетым ар техуэри, гъуэм дэкIащ.

ЗэрымыщIэ дыдэкIэ япэ ища ди щIалэхэм кьэнэжа дакъикъэ зыбгъупщIыр зыхъумэжьныгъэм нэхъыбэу зэхухахащ. ТекIуэныгъэр абыхэм яхъумэфащ икIи епщыкIутхуанэ увыIпэм нэс кьэдэкIуэтеижауэ зыгъэпсэхун щIадзэ.

АдэкIэ фыщIидгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым ми гъэм иужьу щызэхэта зэIугъэхэм: **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Факел»** (Воронеж) - **4:0**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Кубань»** (Краснодар) - **5:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **1:3**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **2:1**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **0:1**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Шинник»** (Ярославль) - **1:2**, **«Тосно»** (Ленинград область) - **«Сокол»** (Саратов) - **5:2**, **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:1**, **«Химки»** (Химки) - **«Мордовия»** (Саранск) - **4:3**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэм щыщIидзэжьнур 2017 гъэм гъатхэпэм и 8-рщ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу кьалэм щыIуцIэнущ зэпеуэм пашэныгъэр щызыIыIэ «Динамо» командэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Динамо»	24	16	6	2	40-17	54
2.	«Тосно»	24	14	7	3	42-18	49
3.	«СКА-Хабаровск»	24	11	8	5	31-20	41
4.	«Енисей»	24	11	4	9	30-26	37
5.	«Факел»	24	10	7	7	25-22	37
6.	«Спартак-2»	24	10	6	8	36-28	36
7.	«Шинник»	24	9	8	7	28-23	35
8.	«Химки»	24	8	9	7	24-29	33
9.	«Луч-Энергия»	24	9	5	10	20-26	32
10.	«Тамбов»	24	8	8	8	21-21	32
11.	«Зенит-2»	24	7	11	6	26-26	32
12.	«Тюмень»	23	8	7	8	26-27	31
13.	«Кубань»	24	6	10	8	25-27	28
14.	«Сибирь»	24	6	10	8	21-26	28
15.	«Спартак-Налшык»	23	6	9	8	18-20	27
16.	«Сокол»	24	5	12	7	26-32	27
17.	«Волгарь»	24	7	5	12	23-31	26
18.	«Мордовия»	24	6	4	14	24-36	22
19.	«Балтика»	24	2	11	11	15-28	20
20.	«Нефтехимик»	24	3	7	14	18-35	16

● Щэнхабзэ

Валаам къулъшырыфым и гупым зыкъегъэлъагъуэ

«Свет Валаама» фIэщыгъэм щIэту макъамэмрэ усыгъэмрэ щызэхэухуэна концерт гъащIэгъуэн Къэрал музыкэ театрым иджыблагъэ щитащ Валаам къулъшырыфым и хорым.

ХОРЫР 2005 гъэм и щыщхьэуIу мазэм къызэрагъэхэщащ. А зэманым музыкэ-тхыдэ программэхэр, унэтIныныгъэ хэхахэмкIэ концертхэр ягъэхьэзырклIэрэ екъуIэныгъэфIэхэр зыIэрагъэхьащ. Гупым кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр щынэхабзэ, псэкупсэ-хэкупсэ гъэсэныгъэхэм зегъэужьыныращ.

Валаам кьуажэр Ладогэ гуэлым и ипщэ лъэныкъуэмкIэ тет хыпIыгущ. Абы цIыхухъу, цIыхубз кьулъшырыфхэр дэтщ. XI - XII IилъэсIыгъуэхэм яухуауэ кьалъытэ ахэр. Тхыдэм кьащIыхъуа Iуэхущ Iэпэ-гъуэгум я зэран кьулъшырыфхэм я къащIилъэIэс кьэхъуаини, иджыкIэ абы цIыху мини 100-м нэблагъэ тхъэ щелъэIуну илъэс къэс кьыхуоблагъэ, абы и ящIэщ Iэхуитъэхуитхэм цIыху 200-м нэс щацхуэгъэхьащIэнущ.

Кьулъшырыфым и хорым едэIуэну Музыкэмкlэ театрым и пэшым цIыхур щIэзу щызэхуэсат. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** концертыр къыщызэIуихуам жиIащ, Валаам хорыр Налшык къызэрыкIуар УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ куэдкIэ я фIыщIэу къызэрыгъэлъагъуар.

Гъащ Iэм щынэхъапэ лъапIэныгъэхэм, цIыхур зыхущIэкъуэн хуей псэ кьабзаагъым, нэгъуэщI куэдми и гугъу щащIащ пшыхьым.

Концертыр ирихьэжьащ хорым и мэгъу кьарум, абыхэм пэшым щагъэIуа уэрэдхэм ящIэлъ гупсысэм тепсэлъэхьху иджыри куэдрэ зэхэтащ цIыхухэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Элэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщIам* **Бицу Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэпбалъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1792